ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№36 (24.318) • 2022 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 2, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

## Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Рэмэдан мазэ лъапІэм зэрыщІидзэм теухуа и хъуэхъу

Рэмэдан мазэр къызэрихьамкІэ гурэ псэкІэ сынывохъуэхъу муслъымэн псоми!

НэщІ мазэ лъапІэм дэтхэнэ зы муслъымэнми Іэмал ирет гъащІэм нэхъыщхьэу хэлъым егупсысыну, цІыхухэм гуапагъэрэ гулъытэкІэ захуигъэзэну, нэхъ тэмакъкІыхь, гумащІэ хъуну, псапэ нэхъыбэ илэжьыну.

Рэмэданым епха а хабзэ дахэхэм утетыху, динрэ лъэпкъкІэ зэщхьэщыкІ цІыхубэм я зэхуакум мамырыгъэмрэ зэгурыІуэмрэ зыщеубгъу, нэмысыр псэуныгъэм и тегъэщІапІэ нэхъыщхьэ мэхъури, къыдэкІуэтей щІэблэри гъуэгу захуэкІэ еунэтІ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу дэтхэнэ зыми гурэ псэкІэ сохъуэхъу мы махуэ лъапІэм узыншагъэ быдэ, узэщІыныгъэ, Іуэху щхьэпэ куэд къахудэкІуэну.

# «Налшык насыпым и дамыгъэщ»



**Апхуэдэ фІэщыгъэ иІэу гъатхэпэм и 25 - 28-хэм Налшык щекІуэкІащ XIII дунейпсо Арт зэпеуэр. Ар хуэунэтІауэ щытащ Урысейм, хамэ къэралхэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр хъумэнымрэ яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр**, **зыхуащІ дзыхьыр гъэбыдэнымрэ**, **ди республикэм дунейм псом къыхуаІэ щытыкІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зрагъэхъуэжыным.**

ЗЭПЕУЭМ хэтащ Йемен, Мысыр, Индие, Замбие, Мароккэ, Афганистан, Украинэ къэралыгъуэхэм, Астрахань, Волгоград областхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Кавказ Ищхъэрэм и щІыпІэ псоми къикІахэр.

КъекІуэлІахэм я зэфІэкІыр къэзыпщытахэм яхэтащ къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІ, Дунейпсо Арт комитетым и вице-президент, Кавказым и республикэ псоми гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Бетыгъуэн Іэуес**, Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкІэ и колледжым и къудамэм и унафэщІ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Даур Иринэ**, УФ-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Гнесинхэм я цІэр зезыхьэ Урысей академием и профессор, композитор, Шостакович Дмитрий и саугъэтыр зыхуагъэфэща **Беляев Владимир**, Ставрополь крайм и Изобильнэ къалэм гъуазджэмкІэ и школым къафэхэмкІэ и къудамэм и унафэщІ, Ставрополь крайм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Григолиали Лианэ**, ГъуазджэхэмкІэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и театр факультетым актёр гъуазджэмкІэ и художественнэ унафэщІ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Балъкъэр Юрэ**, нэгъуэщІхэри.

- «Илъэсийм къриубыдэу «Налшык насыпым и дамыгъэщ» зэпеуэм зэфІэкІ зиІэ уэрэджыІакІуэхэр, къэфакІуэхэр, макъамэ ІэмэпсымэхэмхуэІэзэхэр, сурэтыщІхэр, ансамблхэр зэхудошэс я ехъулІэныгъэхэр къэдгъэнэІуэн, апхуэдэ щІалэгъуалэм гъуэгу еттын, дадэІэпыкъун папщІэ. ЗэфІэкІ зиІэхэр къызэрыдгъэнаІуэр зыщыщ къэралми, лъэпкъми, зэрихьэ динми зыкІи елъытакъым, езыхэм гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ щаІэ ехъулІэныгъэрщ псори зытетщІыхьыр. Лъэпкъ куэдым щыщ щІалэгъуалэр зэрызэхуэтшэсым ахэр нэхъри зэкъуегъэувэ, - къыхигъэщащ Бетыгъуэн Іэуес. Я зэфІэкІхэр къызэрыдгъэнаІуэм къыдэкІуэу, зэпеуэм и къалэн нэхъыщхьэу къэтлъытэр лъэпкъхэм яку мамырыгъэрэ зэгурыІуэныгъэрэ дэлъхьэнырщ. Къэралри дуней псори иджыкІэ гугъуехьхэм хэтми, «Налшык насыпым и дамыгъэщ» зэхыхьэм къэкІуахэр гуапагъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ я дунейм щыхьэщІащ.

Дагъыстэн Республикэм ис лъэпкъхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, зэпеуэм хэта, Джамбулатовэ М. и цІэр зезыхьэ Дагъыстэн мэкъумэш къэрал университетым и студентхэр зи унафэм щІэта **Курбановэ Галинэ** бысымхэм фІыщІэ къахуищІащ я зэхыхьэр екІуу къызэрызэрагъэпэщам папщІэ икІи я студентхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ я нэгу зэрызиужьар, зэпеуэр гукъинэж зэращыхъуар къыхигъэщащ.

*(КІэухыр 3-нэ нап).*

# Ухуэныгъэхэр къызэтрагъэувыІэркъым

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек видеозэпыщІэныгъэ Іэмалхэр къигъэсэбэпу хэтащ ЩІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ Правительствэ комиссэм и президиумым хэтхэм я зэІущІэм. Ар иригъэкІуэкІащ УФ-м и Правительствэм и унафэщІым и къуэдзэ Хуснуллин Марат.**

ИДЖЫПСТУ нэхъыщхьэу зи яужь итыпхъэхэм ящыщу вице-премьерым къыхигъэщащ федеральнэ, щІыналъэ мылъкум къыхэкІ ахъшэкІэ ящІ ухуэныгъэхэр къызэтемыгъэувыІэныр, псэупІэхэр нэхъыбэу ухуэным иужь итыныр. АбыкІэ Урысейм и Правительствэм ит ипотекэ кредитыр дэІыгъа мэхъу. «Ипотекэм къыпэкІуэ дэтхэнэ сомри хэгъэгухэм я зыужьыныгъэрщ зыхуаутІыпщыр», - жиІащ Хуснуллиным. Апхуэдэуи банкхэм ипотекэ программэм епха я лэжьыгъэр къызэтемыгъэувыІэным мыхьэнэшхуэ зэриІэр къыхигъэщащ абы.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэупІэщІэхэр тынымкІэ лэжьыгъэр щофІакІуэ: нэгъабэ и гъатхэпэм елъытауэ а Іуэхур процент 44,7-кІэ хэхъуащ. Ди хэгъэгур ипотекэ кредит нэхъыбэ къыщащтэхэм хабжэ, псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, нэгъабэ и мазаем елъытауэ мы гъэм проценти 8,7-кІэ нэхъыбэ хъуащ унэ къащэхун папщІэ щІыхуэ къэзыщтахэм я бжыгъэр.

Къызэхуэсахэр щхьэхуэу тепсэлъыхьащ инфраструктурэ проектхэр гъэзэщІа зэрыхъум, федеральнэ, лъэпкъ проекттхэм къыпэкІуэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым къуажэхэм гъуэгу щытелъхьэнымкІэ программэм ехьэлІа зэгурыІуэныгъэхэр щызэращІылІэ, «ГъуэгуфІ шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым ипкъ иту ящІэну яубзыхуа Іуэхухэм я процент 80-мкІэ зэдэлэжьэнухэр зэгурыІуащ. Къалэхэр зыхуей хуэгъэзэнымкІэ федеральнэ проектри зыгъэзэщІэнухэм пщэрылъ щащІащ.

Хуснуллин Марат къызэрыхигъэщамкІэ, щІыналъэр егъэфІэкІуэнымкІэ ухуэныгъэхэр Іэпэдэгъэлэл ящІ хъунукъым, школхэр, сымаджэщхэр, нэгъуэщІ ІуэхущІапІэхэр зыхуей хуэзэу ухуэныр гулъытэ нэхъыбэ зыхуэщІыпхъэхэм зэращыщыр игъэбелджылащ.

Правительствэ комиссэм и зэІущІэр иуха нэужь, КІуэкІуэ Казбек яхуэзащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Бэрбэч Алимрэ КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр ДыщэкІ Аслъэнрэ. Хуснуллин Марат зи гугъу ищІа ІэнатІэ псоми иджыри зэ хэплъэжащ щІыналъэ къулыкъущІэхэр. Республикэ унафэщІым дяпэкІэ зэрылэжьэну мардэм и гугъу щищІым жиІащ, УФ-м и Президент Путин Владимир ищІа унафэм тету, лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэныр я нэІэ щІагъэтын зэрыхуейр, абы папщІэ федеральнэ центрым къигъэув къалэнхэр и чэзум зэрагъэзэщІапхъэр.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым мы гъэм псэукІэм фІыуэ зезыгъэужьыну ухуэныгъэшхуэхэм иужь щихьэнущ. Апхуэдэу федеральнэ программэхэмрэ лъэпкъ проектхэмрэ хиубыдэхэм къытеувыІащ Іэтащхьэр. Апхуэдэщ Бахъсэн километр 77-кІэ щыдалъхьэну псы зэрыкІуэ бжьамиишхуэхэр. А Іуэхум текІуэдэнур къыхэкІащ УФ-м и Правительствэм щІыналъэм кърита бюджет кредитым. Лэжьыгъэр 2023 гъэм и дыгъэгъазэм яухынущ, сом меларди 2 текІуэдэнущ.

«ПсэупІэхэмрэ къалэхэмрэ» лъэпкъ проектымкІэ Налшык и псэупІэ щІыпІэхэм куэд иращІыхьын щІадзащ. Къалэр зыхуей хуэгъэзэным ехьэлІа федеральнэ проектым и фІыгъэкІэ жылагъуэ щІыпІэу 12 зыхуей хуагъэзэнущ, абыхэм ящыщщ Налшык къалэ дащІыхьыну сквери 7-р, Прохладнэ, Бахъсэн, Май, Тырныауз къалэхэм зыхуей щыхуагъэзэну щІыпІэхэр.

«Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектыр ягъэзащІэу ухуэныгъэ инитІым иужь щихьащ ди лъахэм. Ар гъуэлъыпІэ 250-рэ зыщІэтыну, Лыщх узыфэм щеІэзэ диспансерымрэ Налшык къалэ дэтыну поликлиникэ инымрэщ.

«Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым хиубыдэ «Иджырей школ» федеральнэ проектымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым курыт еджапІи 10 щащІыну я мурадщ. Мы гъэм яухынущ Прохладнэ (785-рэ щІэхуэу), Куба (500), Нарткъалэ (500) дащІыхь школхэри.

КъБР-м УхуэныгъэмкІэ и министерствэм къэрал зэгурыІуэныгъэкІэ школитІ щиухуэнущ Налшыкрэ (1500-рэ) Бахъсэнрэ (1224-рэ). 2022 гъэм Прохладнэм иджыри зы школ ухуэн щыщІадзэ, абы еджакІуэ 560-рэ щІэхуэнущ. Апхуэдэуи цІыхуи 150-рэ зыщІэхуэ еджапІэ - Псынабэ, 500 зыщІэхуэ - Красносельскэм, 275-рэ зэкІуэлІэну школ - Сэрмакъ, 330-рэ зыщІэхуэ Май къалэм щащІынущ. А псори 2023 гъэм и дыгъэгъазэм яухынущ.

***(КІэухыр 2-нэ нап.)***



# Гулъытэ щхьэпэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Прохладнэ къалэм щыIущIащ ар зи хэщIапIэ 31681-нэ дзэ пакIэм хэт дзэлIхэм.**

РЕСПУБЛИКЭМ и УнафэщIым, здэкIуам и дзэ пашэр щIыгъуу, удз гъэгъахэр щигъэтIылъащ зауэ зэпэщIэувэныгъэхэм хэкIуэда зауэлIхэм я фэеплъу а къалэм дэтым деж.

ЩIежьа Iуэхум хыхьэу, КIуэкIуэ Казбек частым и сэлэтхэр дзейуэ зыщIэс унэр къиплъыхьащ, шхапIэм щыхузэрахьэм, къулыкъу здащIэм я зэманыр зэрыщагъакIуэ щIыкIэм зыщигъэгъуэзащ.

КъБР-м и Iэтащхьэм зыхуэкIуахэм яIэригъэхьащ частым къегъэщIылIа дзэлIхэм иридэIэпыкъуну ягъэхьэзырар. Абыхэм я нэхъыбэр мы зэманым Украинэм щыIэщ, зэпэщIэувэныгъэм къалэну къыщыхуагъэувар щагъэзащIэу.

Телеграмм-каналым къыщызэIуиха и напэкIуэцIым КIуэкIуэм иритхащ Урысей Федерацэм шынагъуэншагъэ къыхузэгъэпэщынымкIэ, Донбассымрэ Украинэмрэ мамырыгъэм хущIэкъуу исхэм къащхьэщыжынымкIэ пщэрылъу къыщащIар а щIыпIэм, лIыгъэрэ хахуагъэрэ къыщагъэлъагъуэу, щызыгъэзащIэ ди дзэлIхэм фIыщIэ ин зэрахуищIыр.

**ЛУЦЭ СулътIан.**



# Ухуэныгъэхэр къызэтрагъэувыIэркъым

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап,).*

Нэхъ цIыкIухэм папщIэ IуэхущIапIэхэр ухуэнри къызэтемыувыIауэ йокIуэкI. Мы гъэм Вольнэ Аулрэ Новая Балкариемрэ - сабий гъэсапIэ, Бахъсэн дэт 6-нэ, 10-нэ школхэм - гъэсапIэ, ясельнэ къудамэхэр, Ташлы-Тала и гъэсапIэм ясельнэ къудамэ къыщызэIуахынущ.

«Физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зегъэужьын» къэрал программэм ипкъ иткIэ, спортым зыщыхуагъасэ иджырей комплексыщIэрэ мыл зытелъ къэжыхьыпIэрэ Налшык щащIыну я мурадщ. А лэжьыгъэхэм гъусэ хуащIащ Шэджэм Ищхъэрэ футбол губгъуэ цIыкIу щащIынри, абыкIэ жылэдэсхэр къигъэгугъауэ щытащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

«ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым куэд къызэщIеубыдэ. Дызэрыт илъэсымрэ къыкIэлъыкIуэмрэ псори зэхэту 66-рэ яухуэну я мурадщ. Абы щыщщ гъуэгу Iыхьэхэр зыхуей хуэгъэзэжыныр, гъуэгубгъухэм екIуэкI «бжыхьхэр» зэхъуэкIыныр, лъэс зэпрыкIыпIэхэр, светофорхэр, лъэмыжхэр зэгъэпэщыныр, нэгъуэщIхэри.

Къуажэ щIыналъэхэр зыхуей хуэгъэзэным епха къэрал программэмкIэ щIыналъэ гъуэгуу километр 11 щытралъхьэнущ Гундэлэн, Шэджэм-2, Урыху, Анзорей, Интернациональнэм, Бабугент, Ново-Ивановкэ я Iэгъуэблагъэм, щIыналъэ зэхуаку мыхьэнэ зиIэ гъуэгу километри 7 щаухуэнущ Хъущтэ-Сыртрэ Шэджэм Ищхъэрэрэ я гъунапкъэм, Шэджэм-2 - Булунгу гъуэгум, Шэджэм Ищхъэрэрэ Хъущтэ-Сыртрэ я зэхуакум километри 5,5-рэ щызэрагъэпэщыжынущ, Налшык - Нарткъалэ гъуэгум телъ асфальтобетоныр къагъэщIэрэщIэжынущ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# ЦIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным тещIыхьауэ



**Зи ныбжьыр хэкIуэтахэмрэ никъуэдыкъуэхэмрэ ягъуэтыпхъэ Iуэхутхьэбзэхэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и зэIущIэм. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэхэу Жанатаев Сэлимрэ Къардэн Муратрэ, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд IуэхущIапIэхэмрэ щыIэ ДыщэкI Мадинэ, республикэм социальнэ Iуэхутхьэбзэ щащIэ и центрхэм къикIахэр, Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэр.**

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, комитетым и унафэщI **Къэжэр Хъусен** жиIащ, жьыкIэфэкIэмрэ никъуэдыкъуэхэмрэ я псэукIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ къэралым ищIэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр, Къэбэрдей-Балъкъэрми абы теухуауэ щыIэ Iэмалхэр къызэрагъэсэбэпыр.

КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэхэмкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр **Асанов Алим** тепсэлъыхьащ цIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэным теухуауэ ялэжьхэм.

Республикэм щызэхагъэувауэ йолэжь «КъБР-м щыпсэухэм я социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр» программэм зи ныбжь хэкIуэтахэм яхуэгъэзауэ хэт Iыхьэм, «КъБР-м ис жьыкIэфэкIэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэным, нэхъыбэ къагъэщIэным, бэIутIэIуншэу псэуным теухуа» щIыналъэ программэм.

Республикэм и регистрым иратха жьыкIэфэкIэхэм доIэпыкъу ди щIыналъэм и мылъкум щыщ ахъшэкIэ: псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм щIат уасэр хуагъэмащIэ, зэрызыщIагъакъуэ ахъшэ мазэ къэс Iэрагъэхьэ.

2022 гъэм щIышылэм и 1-м хуэкIуэу къызэрабжамкIэ, мазэ къэс компенсацэ ират лэжьыгъэм и ветеран мин 20-м (сом 813-рэ), зи хэку ирагъэIэпхъукIауэ щыта цIыху 10700-м (сом 2500-рэ). Мазэ къэс ахъшэкIэ доIэпыкъу лэжьыгъэм и ветеран мин 19-м (сом 430,53-рэ), тылым и лэжьакIуэу щыта 730-м (сом 647,98-рэ), зи хэку зрагъэбгынауэ щыта цIыху 9125-м (сом 864,35-рэ).

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ ТекIуэныгъэ Иным и махуэм ирихьэлIэу Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ никъуэдыкъуэ щыхъуахэмрэ, зауэлIхэм я фызабэхэм илъэс къэс тыгъэ хуащI ахъшэми.

Зи закъуэ псэухэм, жьы хъуахэм, никъуэдыкъуэхэм махуэ къэс ядэIэпыкъуныр я къалэну республикэм щолажьэ IуэхущIапIэ 18.

Асановым къыхигъэщащ зыдэIэпыкъупхъэ жьыкIэфэкIэмрэ никъуэдыкъуэхэмрэ социальнэ Iуэхутхьэбзэ къыщыхуащIэ IуэхущIапIэхэм чэзум щыхэтын хуей зэрымыхъур, псори зэрызэхуагъэдэр. 2021 гъэм апхуэдэ цIыху мин 40-м социальнэ Iуэхутхьэбзэ лIэужьыгъуих хузэфIахащ.

Министрым жиIащ мы IуэхущIапIэхэм щIалэгъуалэ волонтёр гупхэр, студентхэр, школакIуэхэр сэбэп зэрахуэхъур. Социальнэ Iуэхутхьэбзэхэм хухэхауэ къуажэхэм щыIэхэми лэжьакIуэ гупхэр къыщызэрагъэпэщащ. ЖьыкIэфэкIэхэр нэхъ зыхуэныкъуэ хъухэм теухуауэ, абыхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм я бжыгъэми хагъэхъуащ. Къэунэхуащ такси, щхьэщIэщэ, щыгъын щадщадыж, кIэлъыплъакIуэ, узыншагъэр щызэтрагъэувэжкIэ къагъэсэбэп IэмэпсымэхэрбэджэнDу зыт социальнэ Iуэхутхьэбзэ лIэужьыгъуэщIэхэр.

2011 гъэ лъандэрэ щыIэщ унэхэм къыщIэмыкIыф цIыхухэу къуажэ пхыдзахэм щыпсэухэм хухаха Iуэхутхьэбзэхэр. Апхуэдэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщIэ гупхэр 2021 гъэм къриубыдэу ираджащ 1326-рэ. Ахэр ядэIэпыкъуащ жьыкIэфэкIэрэ никъуэдыкъуэу цIыху 3900-м щIигъум. Iуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэу зэфIахащ 4608-рэ. Медицинэ IуэхущIапIэхэм щыкIэлъыплъащ зи ныбжьыр илъэс 65-м щхьэдэха къуажэдэс 1396-м.

Зи ныбжь хэкIуэтахэм я Iэпкъ-лъэпкъыр зэщIэмынэн, я акъылым итын, я зэфIэкIхэр IэщIыб ямыщIын папщIэ, социальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ IуэхущIапIэ щхьэхуэхэм къыщызэрагъэпэщ библиотерапие, изотерапие Iэмалхэр. Абы тету лажьэ клубхэмрэ гупжьейхэмрэ, «социальнэ туризм» Iуэхутхьэбзэр щыIэщ. Илъэс къэс, жьыкIэфэкIэхэм я махуэм ирихьэлIэу, псапэ зыпылъ Iуэхухэр, пшыхьхэр къызэрагъэпэщ.

2023 гъэм «Демографие» лъэпкъ проектым щыщ «Зи ныбжь хэкIуэтахэм» федеральнэ программэм къыщигъэлъэгъуащ жьы хъуахэмрэ никъуэдыкъуэхэмрэ пIалъэ кIыхькIэ зэракIэлъыплъын Iэмалхэм 2023 гъэм хуэкIуэну.

Министрым жиIащ ныбжьыфI зиIэхэмрэ никъуэдыкъуэхэмрэ я псэукIэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ адэкIи абыхэм зэрадэIэпыкъунур.

Iуэхум теухуауэ къэпсэлъахэщ Тэрч щIыналъэмрэ Прохладнэ къалэмрэ цIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ щыIэ центрхэм я унафэщIхэу **Жылэгъащтэ Артуррэ Сасыкъ Надеждэрэ**, жьы хъуахэмрэ никъуэдыкъуэхэмрэ я унэу Налшык дэтым и унафэщI **Быф Беслъэн**.

Къардэн Мурат социальнэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ, я къалэнхэмрэ мурадхэмрэ къызыхуэтыншэу ягъэзэщIэн папщIэ зэдэлэжьэным къыхуриджащ.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

# Къуажэдэсхэр щогуфIыкI

**Джэрмэншык дэт ЩэнхабзэмкIэ унэр зэрагъэпэщыжащ. Абы трагъэкIуэдащ къэрал бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 20.**

ИЛЪЭС 50-м нэса унэр, дауи, куэдым къыхуэтт: псыр къыпхыжу зэпэгъуанэ хъуа унащхьэр, жьы хъуа лъэгухэмрэ бжэ-щхьэгъубжэхэмрэ, къагъэсэбэп псыр унэм зэрыщIашэ, къызэрыщIашыж бжьамийхэр, ток кIапсэхэр... А псом къыщымынэу, пэшхэр къэплъыртэкъыми, сабийхэм уадэлэжьэну гугъут.

ЩэнхабзэмкIэ унэм и унафэщI Щоджэн Алим зэрыжиIащи, сыткIи зыхуей хуагъэза унэм зэуэ къыщыщIэрэщIэжащ гупжьей зэмылIэужьыгъуэхэр. Псом хуэмыдэу иджыпсту цIыкIухэр дихьэхыу къокIуалIэ уэрэд жыIэнымрэ къэфэнымкIэ гупхэм. Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ ядэлажьэ гъэсакIуэхэм я Iэзагъ псори ирахьэлIэ къыдэкIуэтей щIэблэм гъэсэныгъэ тэмэм зэрыбгъэдалъхьэнымрэ лъэпкъ щэнхабзэм зэрыдрагъэхьэхынымрэ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# «Налшык насыпым и дамыгъэщ»




*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 3-нэ нап.)*

Астрахань и лIыкIуэхэм я унафэщI **Рамазановэ Зайтунэ** я гупым хэт псоми къабгъэдэкIыу фIыщIэ яхуищIащ мы Iуэхур зи жэрдэмхэм. Абы жиIащ зэфIэкI зиIэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ, я егъэджакIуэхэм я Iэзагъэм нэхъри хагъэхъуэну зэхыхьэм Iэмал къазэрыритыр. Апхуэдэ щэнхабзэ махуэшхуэ къызэзыгъэпэщахэм гугъуехь куэд къызэрызэранэкIари зэрыгурыIуэгъуэр къыхигъэщащ.

Зэпеуэм хэта псоми дипломхэмрэ дыщэ медалхэмрэ, я егъэджакIуэхэм сертификатхэмрэ фIыщIэ тхылъхэмрэ иратащ. КIэух концертым щхьэхуэу щагъэлъэпIащ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ художественнэ-эстетикэ гъэсэныгъэ етыным илъэс куэдкIэ хуэлэжьа унафэщIхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ. СССР-р къызэрыунэхурэ илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ абыхэм хуагъэфэщащ «100 лет СССР» фэеплъ дыщэ орденыр.

Щапхъэу къалъыта «Молодость Адыгеи» къэфакIуэ ансамблым и унафэщI, Кубаным щIыхь зиIэ и артист, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэщыкъуей Мурат** и лэжьыгъэм ехъулIэныгъэфIхэр зэрыщызыIэригъэхьам, УФ-м ис лъэпкъхэм я щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хъумэным хэлъхьэныгъэхэр зэрыхуищIым, дахагъэрэ гуапагъэкIэ цIыхубэм зэрадэгуашэм папщIэ дыщэ орденымрэ «Дыщэ глобус» кубокымрэ хуагъэфэщащ, Дунейпсо Арт комитетым и «Лица года-2022» дунейпсо зэпеуэм и лауреат щIыхьыцIэр щIыгъуу.

Зэхыхьэр къызэзыгъэпэщахэмрэ къэпщытакIуэхэмрэ фIыщIэ хуащIащ абы хэтахэм, я унафэщIхэм, адэ-анэхэм: «Дунейр зэфIэкI зиIэ щIалэгъуалэкIэ къулейщ. Зэпеуэм хэтахэм дазэрыхуэупса щIыхь тхылъхэр къахуэщхьэпэну, адэкIи щIэныгъэм, лэжьыгъэм, гъащIэм ехъулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьэну! Узыншагъэ, дэрэжэгъуэ фыщымыщIэну, фи дэтхэнэ щIэдзапIэми зэфIэкIхэр щызыIэрывгъэхьэну!» - апхуэдэ хъуэхъукIэ зэхуащIыжащ зэхыхьэ дахэр.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Сабийхэр зыщыгуфIыкI тхыгъэхэр

**Сабий тхылъым и дунейпсо махуэр илъэс къэс ягъэлъапIэ Данием щыщ псысэрытх цIэрыIуэ Андерсен Ганс Христиан къыщалъхуам - мэлыжьыхьым и 2-м - ирихьэлIэу. Ар 1967 гъэм игъэуващ Сабий тхылъымкIэ дунейпсо советым, нэмыцэ тхакIуэ Лепман Иелле къыхилъхьэри.**

1658 гъэм Чехием щыщ дин лэжьакIуэ икIи егъэджакIуэ Коменский Я. А. и къалэмыпэм къыщIэкIат сурэт зэрыт япэ тхылъыр - латиныбзэкIэ тха учебникт ар, гравюрэкIэ гъэщIэрэщIауэ. 17-нэ лIэщIыгъуэм и кIуэцIкIэ сабийхэр нэхъыбэу зрагъэджар Библиеращ, цIыкIухэм хухэха, диныр зи лъабжьэ нэгъуэщI лэжьыгъэхэр дунейм къытехьэ пэтми.

18-нэ лIэщIыгъуэм цIыкIухэм Iэмал яIэ хъуащ нэхъ дэзыхьэх тхылъхэр къыхахыну. Сабийхэр ебгъэджэну уасэ иIэтэкъым Дефо Даниэль и «Робинзон Крузо» (1719), Свифт Джонатан и «Путешествие Гулливера» (1726) роман «балигъхэм». Апхуэдэуи а зэманым сабийхэри балигъхэри дахьэхырт IуэрыIуэтэжыр зи къежьапIэ хъыбархэм, таурыхъхэм, балладэхэм. КъуэкIыпIэ таурыхъхэр щызэхуэхьэса «Занимательные арабские ночи» тхылъым хыхьат «Алладин», «Али-Баба и сорок разбойников», «Семь путешествий Синдбада-Морехода» псысэхэр. Сабийхэм папщIэ тхылъ къыдэгъэкIыным и зы зэману уващ Ньюбери Д. «Карманная книжица» фIищауэ 1744 гъэм дунейм къытехьар.

19-нэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм къыдэкIащ Гримм зэкъуэшхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа нэмыцэ цIыхубэ таурыхъ гъуэзэджэхэр; нобэми ахэр цIыкIухэм зэрафIэгъэщIэгъуэныр, зэращIэщыгъуэр къэплъытэмэ, сабийхэм я дежкIэ саугъэт лъапIэ зэрыхъуам шэч хэлъкъым. Данием щыщ Андерсен Христиан цIыхубэ таурыхъхэм хэлэжьыхьыжырт, езым ейхэри итхырт. 1846 гъэм абы инджылызыбзэкIэ тридза «Гадкий утёнок», «Русалочка» таурыхъхэр занщIэу сабийхэм ягу дыхьат.

Адыгэ лъэпкъми иIэщ узэрыгушхуэн сабий усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ. ЛIэщIыгъуэ зыбжанэ ипэкIэ узэIэбэкIыжу къыпхуэбжын хуэдэ тхыдэшхуэ имыIэми, ди сабийхэр зыщыгуфIыкI тхыгъэхэр зыттхахэр, ягу ирихьу гукIэ зрагъащIэ усэхэр зи къалэмыпэм къыщIэкIахэр щыIэщ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, зи тхыгъэхэр сабиипсэм нэIус АфIэунэ Лиуан, Нало Заур, Щоджэн Леонид, ХьэцIыкIу Хьэсэн, Хьэту Пётр, Джэрыджэ Арсен, Мэз Аниуар, Хьэщыкъуей Олег, Жырыкъ Заур сымэ, нэгъуэщIхэри. Зи цIэ къисIуахэм яIэщ усэхэри, Iуэтэжхэри, таурыхъхэри, пьесэ цIыкIухэри.

Бзэ и лъэныкъуэкIэ зыхуей хуэзэу тха сабий усэхэм, Iуэтэжхэм, таурыхъхэм хуэкIуэ сурэт гъэщIэгъуэнхэр абыхэм яхуэзыщIхэри диIэщ. Ди хъуэпсапIэщ тхылъ щапIэхэм я дапхъэм темылъу ахэр зэбграхыу, я бынхэм адыгэбзэр къаIурыщэщрэ тхылъ цIыкIухэр щIаджыкIыу тлъагъуну. Абы щхьэкIэ Iэмал имыIэу зэгъэхъулIэн хуейхэм ящыщу къызолъытэ тхылъхэр къопсэлъэным хуэдэу щхъуэкIэплъыкIэу, ит сурэтхэр нэIурытрэ телъыджэу къыдэгъэкIыныр.

Сабий тхылъым и дунейпсо махуэр куэдрэ дгъэлъэпIэну, дгъэлъэпIэн лэжьыгъэ ди куэдыну!

**ИСТЭПАН Залинэ.**




### Мэлыжьыхьым и 2, *щэбэт*

✦**Сабий тхылъым и дунейпсо махуэщ**

✦**Белоруссиемрэ Урысеймрэ я лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ**

✦**1911 гъэм** ЦIагъуэ Нурий Истамбыл адыгэбзэкIэ къыщыдигъэкIащ «Гъуазэ» газетым и япэ номерыр.

✦**1948 гъэм** КIэрашэ Тембот СССР-м и Къэрал саугъэтыр къратащ.

✦**1932 гъэм** къалъхуащ журналист, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **АфIэунэ Рае**.

✦**1937 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и механизатор **Дадэ ХьэмытIэ**.

✦**1944 гъэм** къалъхуащ бзэщIэныгъэлI, филологие щIэныгъэхэм я доктор **Абдокъуэ Iэуес**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 24-рэ, жэщым градус 11 - 14 щыхъунущ.

### Мэлыжьыхьым и 3, *тхьэмахуэ*

✦**Урысейм щагъэлъапIэ Геологым и махуэр**

✦**ГуфIэгъуэ пшыхьым и дунейпсо махуэщ**

✦**1963 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къуий Щыхьымбий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 23-рэ, жэщым градуси 9 - 11 щыхъунущ.

### Мэлыжьыхьым и 4, *блыщхьэ*

✦**Интернетым и дунейпсо махуэщ**

✦**Компьютерыр зэтезыухуэм и дунейпсо махуэщ**

✦**1933 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэм я оргбюро къызэрагъэпэщащ.

✦**1896 гъэм** къалъхуащ адыгэхэм я къекIуэкIыкIам теухуа лэжьыгъэ куэд зиIа, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Кокиев Георгий**.

✦**1949 гъэм** къалъхуащ къэрал къулыкъущIэ, Абхъаз Республикэм и етIуанэ президенту щыта, АР-м и ЛIыхъужь **Бэгъэпщ Сергей**.

✦**1951 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Емыжь МулиIэт**.

✦**1966 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтын и IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБКъУ-м и проректор **Къумыкъу Iэуес**.

✦**1980 гъэм** къалъхуащ дунейм бэнэкIэ хуитымкIэ и чемпион **Нартокъуэ Аслъэн**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 3 - 5 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ЖамыIэ щыIэщи, ямыIуэтэж щыIэкъым.**



# НыбжьыщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр ягъэлъагъуэ

**УФ-м и Лъэпкъ гвардием и дзэхэр къыщызэрагъэпэща махуэм хуэгъэпсауэ Урысей гвардием ведомствэм щIэмыт и хъумакIуэ управленэм и лэжьакIуэхэм къызэрагъэпэщащ IэнатIэм къулыкъу щызыщIэхэм я сабийхэм ящIа сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэ.**

НАЛШЫК къалэм щыIэ УВО-м къыщызэIуаха гъэлъэгъуэныгъэм утыку къыщрахьащ сурэтыщI ныбжьыщIэхэм я IэдакъэщIэкI 20-м щIигъу. Абыхэм къощ зи къалэнхэр зыгъэзащIэ хабзэхъумэхэр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ сабийхэр я адэ-анэхэм ехъуэхъуащ ягъэлъапIэ махуэшхуэмкIэ.

- ЗыхыбощIэ сабийхэр Iуэхум гуапэу зэрыхэтар. Дэтхэнэ лэжьыгъэми щыплъагъунущ Хэкум и хъумакIуэхэм махуэ къэс къагъэлъагъуэ лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ пщIэ зэрыхуащIыр, - жиIащ хъумакIуэ управленэм Налшык къалэм щиIэ къудамэм и унафэщI, полицэм и полковник КIарэ Заур.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

## ДифI догъэлъапIэ

# АфIэунэ Рае и вагъуэр ноби маблэ

**ЦIыхугъэ лъагэмрэ зэхэщIыкI куумрэ сыт хуэдэ IэщIагъэми Iэмал имыIэу епхауэ щытын хуей хьэл-щэнхэм ящыщкъым, атIэ зыхэлъым и псэукIэмрэ дуней тетыкIэмрэ ахэр я лъабжьэ хъууэ аращ. А щэнхэр и гъуэгугъэлъагъуэу, и пэжыгъэмрэ псэ къабзагъэмрэ гъащIэм щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм, щигъуэта унагъуэ насыпым лъабжьэ яхуищIу дунейм тетащ ди республикэм и мызакъуэу, къэралым и щIыпIэ куэдми щыцIэрыIуэу щыта журналист Iэзэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ АфIэунэ (ТекIуий) Рае (1932 - 2013). Кавказ Ищхъэрэм щыяпэ, СССР-м щыебгъуанэ Къэбэрдей-Балъкъэр телецентрым и япэ дикторым зыми емыщхь и макъ щабэр, гуапэр зымыцIыхуа, ноби зымыщIэж куэд яхэткъым нэхъыжьхэм. Ди республикэм исхэм ящыщу журналист IэщIагъэм япэу хуеджахэм яхэтащ АфIэунэр. Урысыбзэри адыгэбзэри зэхуэдэу зыгъэшэрыуэу щыта теле-радио журналист IэкIуэлъакIуэм хуэфащэ дыдэу къыфIащат а IэнатIэм и отличник цIэ лъапIэри.**



БАХЪСЭН куейм хыхьэ Куба къуажэм 1932 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м къыщалъхуащ Рае. ЗэрыбынипщIым я нэхъыщIэ дыдэр адэ-анэм, анэкъилъху нэхъыжьхэм я гулъытэрэ IэфIагъэрэ щымыщIэу къэхъуащ. Рае жиIэжу зэрыщытамкIэ, зэдэлъхузэшыпхъухэу Лъостэхъан, Къалэ, Исмел, ХьэзрэIил, Санэ, Марие, Тамарэ, Сэлим, Нурэ, Рае сымэ я адэ-анэм, дауи, гугъуехь яшэчащ. Быныр зыгъуэтам ипIыжыныр гъэщIэгъуэнкъым, ауэ абыхэм я анэ Хужьпагуэ къимылъхуауэ быних къигъэтэджащ, зыхуей хуигъазэу: зэрыбынипщIым ящыщу нэхъыжьихым я анэр гуузу яукIати, ТIулэ щхьэгъусэу къишэжа а бзылъхугъэм ахэри зришэлIащ, езым и Iэпкълъэпкъ къикIахэм яхуигъадэу, и IэфIрэ и хуабэрэ дэтхэнэми ялъигъэIэсыфащ. Анэм унагъуэм щызэтриубла апхуэдэ зэхущытыкIэфIым, дахэм и фIыгъэкIэ абы щапIа сабийхэм я псэр ягъэуфIыцIакъым ахэр зыхалъхуа лъэхъэнэ гугъум пыщIауэ щыта бэлыхьхэмрэ щыщIэныгъэхэмрэ.

Рае и адэ ТIулэ гъукIэ Iэзэт: дэп жьэражьэм къыпэрих гъущIыр зэрыхуейуэ игъэIурыщIэрт, Iэлъын иIэт, езым ищIыжауи, абы хьэрф «А» къыхиIущIыкIауэ, апхуэдэу Iэ тридзэрт, щыIэмалыншэм деж, арщхьэкIэ щIэныгъэ гуэри бгъэдэлътэкъым, тхылъми пэIэщIэт. Ар хуабжьу щIэхъуэпсырт и бынхэм щIэныгъэ яригъэгъуэтыну. Революцэм хыхьэн хуей щIэхъуари совет властым цIыхубэ зэхуэдэныгъэкIэ зэрыщыгугъырт, и бынхэм еджэну Iэмал зэраIэнур арат. ЩIалэхэм я нэхъыжь Исмел щIэныгъэм и нэхум нэхъуеиншэу хуишийрт ТIулэ. Абы уней егъэджакIуэ къыхуищтэри, пэщIэдзэ щIэныгъэ иригъуэтауэ щытащ. ИужькIэ Налшык дэта реальнэ училищэм, «Коммунэ школым», итIанэ совпарт школым, КъуэкIыпIэм щыпсэу гуащIэрыпсэухэм я коммунист университету (КУВТ) Москва щыIэм, Москва къэрал университетым и юридическэ къудамэм щригъэджащ. Щалъхуа и хэкум къигъэзэжри, партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщIу, областной судым и унафэщIым и къуэдзэу, Ленинным и цIэр зезыхьэ еджапIэ къалэ цIыкIуу Налшык дэтым и ректору, «Социалистическая Кабардино-Балкария» газетым жэуап зыхь и редактору, «Къэббалъкълъэпкъ» тхылъ тедзапIэм и редактору, ЦIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ областной къудамэм и унафэщIу лэжьащ. Апхуэдиз къулыкъу лъагэхэм щIыхьрэ щытхъурэ иIэу пэлъэща Исмел 1937 гъэм «властым и бий» дзыр къыфIащри ягъэтIысащ, куэд дэмыкIыуи яукIауэ щытащ. Ар ящыщщ властым лажьэншэу IэщIэкIуэда цIыху минхэм.

Хъыджэбз нэхъыжьхэм пшынауэ нэхъыщхьэ IэщIагъэ ямыгъуэтами, Исмел къыкIэлъыкIуэ адрейхэр псори иригъэджащ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ, IэщIагъэ яригъэгъуэтащ адэм.

И бынхэм я насып, ехъулIэныгъэ зылъагъуну щIэхъуэпс зэщхьэгъусэхэм апхуэдэ гугъапIэхэр къатрикъутат 1941 гъэм къэхъея Хэку зауэшхуэм. Абы япэу дэкIахэм ящыщащ Рае и дэлъхухэр. И шыпхъу нэхъыжьхэу Мариерэ Тамарэрэ комсомолым хэтти, я къуажэм дэса советыдзэм хыхьауэ щытащ, абыхэм я гъусэуи жылэм дэкIат, бийр къыщысым.

- Абыхэм къатх письмохэм, унагъуэм къытхуэкIуэ газетым ярытхэмкIэ къыдгурыIуэрт зауэм и бэлыхьыр зэрыиныр, ауэ мафIаер ди жылэм къэса нэужь, сэри си нэгу щIэкIащ а псори. Зауэ илъэсхэр къэспсэуам зэрыхэзмыбжэм щхьэкIэ, ар Iыхьэ лейуэ си гъащIэм къысхупищэжауэ пIэрэ жызоIэ языныкъуэхэм деж, - игу къигъэкIыжырт а зэманым мызэ-мытIэу сызыхуэзэу, лэжьыгъэ IуэхукIэ сызэпсэлъылIэу щыта Рае. - Унагъуэшхуэу дызэдэпсэууэ щытами, зауэм нэщI дыдэ дищIат: унэм дыкъыщIэнар цIыхуиплI къудейт: си адэанэмрэ зэшыпхъу нэхъыщIитIымрэт. Куэд дэмыкIыу дэ къытхэтIысхьэжащ Исмел мыгъуэм и къуэ Володи. Ди къуажэм зэрыдэса мазэ бжыгъэм къриубыдэу лей куэд зэрахьащ нэмыцэхэм. Псом я щхьэжт зы жэщ гуэрым абыхэм коммунисти 10 яукIауэ зэрыщытар. Ди адэри яукIыну къалъыхъуат абыхэм, арщхьэкIэ абы ди благъэ гуэрхэм я деж зыщигъэпщкIури къэнауэ щытащ.

Бийр ди щIыпIэм ирахужа нэужь, цIыхухэр яужь ихьащ абыхэм зэхакъута IэнатIэхэр зэфIэгъэувэжыным. Адрей IэнатIэхэм хуэдэу, школхэр къызэIуахыжри, цIыкIухэм еджэн щIадзэжащ. Жылэм дэт илъэсибл школ нэужьым Рае еджэным щыпищащ Налшык дэт интернатым. Ар и фIыгъэт икIи и жэрдэмт щIэныгъэм и къарур зыщIэ, абы зи нэ къыхуикI ТIулэ. ЩIэныгъэ зэрыщыуагъэгъуэтым нэмыщI, абы укъыщIигъэкIырт гъащIэм ухуэхьэзыру, уигурэ уи щхьэрэ зэтелъу. ЗэрыжыпIэнумкIэ, ар еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэным ныбжьыщIэхэр щыхуагъэхьэзыр IэнатIэу арат. Интернатым щыщIэса илъэсхэм Рае и дежкIэ мыхьэнэшхуэ яIащ. Абы къыгурыIуащ щIэныгъэр къару лъэщу, фIыгъуэшхуэу зэрыщыр икIи игу ирилъхьащ и еджэным Москва е Ленинград щыпищэну. АбыкIэ ныбжьыщIэхэм щапхъэ трахырт зауэ нэужьым япэ дыдэу ар къэзыухахэу ХьэкIуащэ Андрей, Балъкъэр Къылышбий сымэ, интернатым и япэ дыщэ медалхэр зратауэ щыта Къущхьэ СулътIанрэ абы и комсомол зэгухьэныгъэм и секретарь ТекIуий Анатолэрэ. Ахэр я щIэныгъэм хагъэхъуэну Ленинградрэ Москварэ ягъэкIуауэ щытащ икIи лъэпощхьэпоуншэу абы и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьат. Абыхэм ещхь хъумэ фIэфIу, Рае фIы дыдэу еджэрт, комсомолми хыхьат. ЖиIэжу зэрыщытамкIэ, асыхьэтым нэгъуэщI хъуауэ къыщыхъурт пщащэм: жэуаплыныгъэр нэхъыбэу зыхищIэу, пэрыту, щапхъэу дапщэщи щытыпхъэу.

Мыбдеж къыжытIэнщи, Рае щапхъэ зытрих ТекIуий Толэ еджэнми жылагъуэ Iуэхуми щыпашэт. Комсомолец жыджэрым и зэфIэкIхэм, бгъэдэлъ щIэныгъэм куэдрэ иригушхуэрт и егъэджакIуэхэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, иджырей щIалэгъуалэм куэд хащIыкIыркъым а лъэхъэнэм жылагъуэ утыкум ита комсомол зэгухьэныгъэм. Ауэ щыхъукIэ, комсомолыр хэкупсэ гъэсэныгъэм, зэрыIыгъыныгъэм, зэныбжьэгъугъэм, гугъуехьхэм къапимыкIуэтыным ухуэзыгъасэ школ бэлыхьт. Иджыри 10-нэ классым щIэсу, Толэ ВКП(б)-м хэтыну ягъэлъагъуэри, абы и кандидат хъуауэ щытащ. Апхуэдэ дзыхь зыхуащIа абы ипэкIи иужькIи щыIауэ къыщIэкIынукъым - школакIуэ партым хагъэхьэну чэнджэщ иратауэ. ИлъэситI дэкIри, ар партым хыхьащ.

1947 гъэм, Москва къалэр зэраухуэрэ илъэс 800 зэрырикъур щагъэлъапIэм, ди республикэм щыщу абы ягъэкIуа лIыкIуэхэм яхэтащ комсомолец ныбжьыщIэу щы: ТекIуий Анатолэ, Бозий Рае, ТхьэкIумащIэ Болэ сымэ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым Толэ интернатыр ехъулIэныгъэкIэ къиухащ икIи Москва дэт къэрал университетым тхыдэмкIэ и факультетым и студент хъуащ. Ар зи щапхъэ пщащэми къыкIэлъыкIуэ илъэситIым еджэныр фIы дыдэу зэфIигъэкIри, Москва кIуащ, МКъУ-м филологиемкIэ и факультетым журналистикэмкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ.

- Щыхьэрым сыщыкIуэм, сызыхуеджэну си гугъар къуэкIыпIэ лъэпкъхэм я бзэхэрати, а илъэсым зэхуащIыжауэ щытащ академик Марр зи унафэщI а къудамэр. Арати, журналистикэм сыщIэтIысхьат, - и щIалэгъуэм тепсэлъыхьыжырт Рае. - «НэхъыфIыххэщ, уехъулIащ, - къызжиIэрт Толэ. - Журналист IэщIагъэр уэ пхуэфащэ дыдэщ: уи бзэр хуэщIащ, цIыху хэтыкIэ уощIэ. Езы IэщIагъэри хуабжьу хьэлэмэтщ. Уэ езым къэпщIэнущ а псори, зэман тIэкIу дэгъэкI».

Апхуэдэуи хъуащ: студент нэхъыфIхэм халъытэу АфIэунэр еджащ, ехъулIэныгъэфIхэр иIэу. ЕплIанэ курс нэужьым унагъуэщIэр (Толэрэ Раерэ 1953 гъэм унагъуэ хъуат) ди щIыпIэм къэкIуэжащ, еджэным щыщу къэна мащIэр Рае заочнэу къиухыжри, лэжьэн щIидзащ - япэщIыкIэ телевиденэм, иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом.

АфIэунэр телевиденэм щыувам щыгъуэ ар къызэрызэрагъэпэщрэ илъэситI хъуа къудейуэ арат. Журналист ныбжьыщIэм япэу ищIа нэтыныр теухуауэ щытащ ди щIыналъэм и теплъэмрэ абы и щIыпIэ дахэхэмрэ, Налшык къалэ и тхыдэм, абы зауэр зэрыщекIуэкIамрэ зауэ нэужьым зэрызиужьымрэ. ЛъэкI къимыгъанэу, егугъуу лажьэрт Рае, зэрихабзэу. Абы зэрыщыIа илъэсхэм Рае куэдкIэ сэбэп къыхуэхъуащ IэщIагъэлI щыпкъэхэу Хьэжу Ахьмэд, Мыд Хьэжмусэ, Судаков Юрий, Осипенкэ Иринэ, Къаныкъуей Розэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Къуажэхэм кIуэрт, абыхэм дэс лэжьакIуэ пашэхэр утыку къришэрт АфIэунэм. Сыт хуэдэ зэхуэзэми егугъуу зыхуигъэхьэзырырт, Iэпэдэгъэлэл Iуэхум химылъхьэу.

ИлъэсиплIкIэ телевиденэм щыIауэ, ди щIыналъэ радиомрэ телевиденэмрэ я унафэщI Хьэжу Ахьмэд и лъэIукIэ радиом кIуауэ щытащ АфIэунэр, пIалъэкIэ щылэжьэну, арщхьэкIэ абы къыщцынэри, илъэс 40-кIэ щыIащ, ар зэрихъуэжыфын щымыIэу къыщыхъуу, лэжьыгъэм и гур етарэ и псэр кIэрыпщIауэ. Радиом щIэхыу хэзэгъэнымкIэ сэбэпышхуэ къыхуэхъуат журналист цIэрыIуэхэу Емуз Гъузеррэ Аккаев Къасымрэ. Ахэр и дэIэпыкъуэгъуу урысыбзэкIэ игъэхьэзырырт сабий, щIалэгъуалэ нэтынхэр, ахэр купщIафIэ хъуным, цIыхухэм ягу нэсыным, сэбэпынагъ гуэр жылагъуэм къыщихьыным гукIи псэкIи хущIэкъуу.

А лъэхъэнэм АфIэунэм ицIыхуащ адыгэ, балъкъэр тхакIуэ, усакIуэ, сурэтыщI, макъамэтх цIэрыIуэхэр. Абыхэм ядищIырт нэтын хьэлэмэтхэр. Кулиев Къайсын дищIауэ щытащ Мечиев Кязим и творчествэм теухуа нэтын хьэлэмэт. Радиом и унафэщIхэм я чэнджэщкIэ, а лэжьыгъэр Рае Союзпсо радиом яхуигъэхьат, куэд дэмыкIыуи къэралпсо радиомкIэ къатат. А зэманым къыщыщIэдзауэ АфIэунэр шэщIауэ ядэлэжьащ Союзпсо радиом. Илъэситхум щIигъукIэ ар щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и спецкорру - Москва папщIэ нэтынхэр зыгъэхьэзыр лэжьакIуэу. ФIыщIэ, щытхъу тхылъ куэд къыхуагъэхьащ адыгэ бзылъхугъэ гуащIафIэм, бгъэдэлъ зэфIэкI лъагэм къыпэкIуэ пщIэмрэ гулъытэмрэ я щыхьэту.

1968 гъэм АфIэунэр радиом и къудамэхэм ящыщ зым и редактор нэхъыщхьэу ягъэуващ. Абы и къалэнт урысыбзэкIэ, адыгэбзэкIэ ятх нэтынхэм къеджэжыну. Анэдэлъхубзэр фIыуэ зылъагъу, ар зи псэм щызыгъэафIэ хэкупсэ цIыхум щIэх-щIэхыурэ игу къэкIырт адыгэбзэкIэ нэтын гуэрхэр ищIыну. А мурадыр иIэу Рае иужь йохьэ цIыхупсэм пэгъунэгъу, абы и гурыгъугурыщIэхэр къэзыIуатэ, цIыхур гъащIэм щызрихьэлIэ лъэпощхьэпохэм, абыхэм зэрапэлъэщхэм ехьэлIа очерк хуэдэхэр игъэхьэзырыну. Апхуэдэуи ищIащ. ЦIыхухэми ахэр нэхъ ягу ирихьу, радиом и нэтынхэм къыпэджэжу хуежьащ. Куэд дэмыкIыу АфIэунэ Рае иублащ «Iэдииху» радиожурналыр егъэкIуэкIыныр. «Iэдиихум» и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщт лъэпкъ гъащIэм хэкIуэдыкIыжу хуежьа адыгэ хабзэр, пщIэр, нэмысыр къэIэтыжыныр. А нэтынхэм Рае апхуэдэу щытепсэлъыхьырт адыгэ фащэм, адыгэ шхыныгъуэхэм, адыгэ Iэнэм, адыгэ джэгум ехьэлIа Iуэхухэм. Быныр лъэпкъ хабзэм щIэпIыкIынымкIэ, унагъуэм пщIэрэ нэмысрэ илъынымкIэ унэгуащэм, анэм иIэ мыхьэнэр фIыуэ къызыгурыIуэ, а псори и анэм и щапхъэмкIэ зи нэгу щIэкIа Рае лъэныкъуэ куэд къызэщIригъэубыдэу тепсэлъыхьырт адыгэ бзылъхугъэм и гъащIэм, и псэукIэм, дуней тетыкIэм, унагъуэ зехьэкIэм.

ЦIыхухэм хуабжьу гунэс ящыхъурт адыгэбзэкIэ екIуэкI радиожурналыр. Абы жылагъуэм щиIа мыхьэнэшхуэм и щыхьэтщ АфIэунэм жылэхэм къыщызэригъэпэщу щыта, радиом едаIуэхэм я конференцхэр. Абыхэм цIыхушхуэ къекIуалIэрт. Журналист IэкIуэлъакIуэми апхуэдэу къихутэрт цIыхухэм нэтынхэр къазэрыщыхъур, щыгъуазэ зыхуищIырт абыхэм цIыхум я гум къыщигъэуш гупсысэхэм, я псэм щигъахъэ Iуэхугъуэхэм. КъызэрыщIэкIымкIэ, цIыху куэд иригузавэрт лъэпкъ Iуэхум, ирипIейтейрт адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ зэрыувэ щытыкIэм. ЩхьэлыкъуэщекIуэкIауэ щыта апхуэдэ зэхуэсхэм ящыщ зым къыщыхалъхьауэ щытащ, бзылъхугъэхэм я закъуэ яхуэгъэза мыхъуу, адыгэ унагъуэм щIэс псоми ехьэлIа нэтын къызэгъэпэщын хуейуэ.

А гупсысэр и лъабжьэу куэд дэмыкIыу «Iэдииху» журналыр «Жьэгу пащхьэм» хуигъэкIуауэ щытащ АфIэунэм. Абы Рае щыпищащ адыгэ хабзэм, унагъуэм илъыпхъэ зэхущытыкIэхэм, цIыху пэрытхэм, унэгуащэ IэкIуэлъакIуэхэм, бынунагъуэшхуэхэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр зэпкърыхыным. «Жьэгу пащхьэм» нэхъри къиIэтат лъэпкъ радиом и пщIэр. Ар зи фIыгъэр, дауи, зи IэнатIэр псэ хьэлэлу езыхьэкI, бгъэдэлъ щIэныгъэ куури къарури фIыуэ илъагъу и лъэпкъым хуэзыгъэпс журналист Iэзэ АфIэунэ Раещ.

Апхуэдэ лэжьыгъэ купщIафIэхэм къадэкIуэу Рае и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщауэ щытащ Кавказ Ищхъэрэм щылажьэ радиохэм я журнал зэгуэтыр, «Кавказ пшэплъхэр» зыфIащар. А радиожурналым и нэтын хьэлэмэтхэр илъэс 30-м щIигъукIэ щыIуащ зэгъунэгъу щIыналъэхэм я эфирым. Къинэмыщ Iауэ, илъэсищэкIэ екIуэкIа Урыс-Кавказ зауэжьым и Iэужьу хамэщIыр псэупIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъу куэдым АфIэунэ Рае и макъ щабэращ илъэс 15-м щIигъукIэ псэ къахэзылъхьэжу, адэжь хэкум къыпызыщIэу яIар. Рае и адыгэбзэ дахэр а лъэхъэнэм щыIуащ Сирием, Иорданием, Тыркум, Мысырым, Австралием, адыгэхэр щыпсэу нэгъуэщI хамэ къэрал куэдым.

Апхуэдэ зэфIэкI лъагэхэр лэжьыгъэ IэнатIэм щызиIэ АфIэунэ Рае ящыщт унагъуэ насыпкIи Тхьэр зыхуэупсахэм. Рае и щхьэгъусэ ТекIуий Анатолэ лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа еджагъэшхуэщ. Зэщхьэгъусэхэм хъыджэбзитI зэдапIащ - Динэрэ Маринэрэ. Ябгъэдэлъ щIэныгъэрэ IэщIагъэкIэ зэшыпхъухэр щыцIэрыIуэщ ди республикэм, жыпIэнурамэ, я адэ-анэм яхуэфащэ дыдэщ. ГъащIэм лъэ быдэкIэ хэуващ ахэр, унагъуэ хъужахэщ, щIэблэ дахи къащIэхъуащ. Рае хунэсащ быным я фIыгъуэхэм ящыщ илъагъуну.

Апхуэдэ гъащIэ купщIафIэ къипсэуащ адыгэ бзылъхугъэм и щапхъэу зи дунейр зыхьа АфIэунэ Рае ТIулэ и пхъум. Зы хьэлымрэ зы щэнымрэ ита а цIыху щыпкъэм бгъэдэлъа псэ къабзэмрэ гупсысэ куумрэ, и бзэ IэфIымрэ уедаIуэ пэтми зызыщумыгъэнщI псэлъэкIэ щабэмрэ куэдым ящIэж иджыри. Малъхъэдисым хуэдэу узыIэпашэрт Рае къыпкърыкI гуапагъэм, абы игу зэIухам нэхугъэу къыбгъэдэкIыр къыпхуэмыIуэтэным хуэдизт. АфIэунэ Рае и вагъуэр ноби нуру къахуоблэ къыщIэна щIэблэм, и нэхумрэ хуабагъэмрэ абыхэм ялъигъэIэсу.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

Ди хьэщIэщым

# ФызыхущIемыгъуэжын IэщIагъэ къыхэфх



***Гъэ еджэгъуэр и кIэм ноблагъэ. ДяпэкIэ цIыкIухэр зрагъэгъуэта есэныгъэхэр къыщапщытэж гъэунэхуныгъэхэм хыхьэнущ, IэщIагъэрэ щIэныгъэрэ къызыщIахыну еджапIэхэм нэхъ траубыдэу хуежьэнущ. Балигъ гъащIэм хыхьэну ныбжьыщIэхэр, зы лъэныкъуэкIэ, къапэщылъ Iуэхугъуэхэм егъэпIейтей, Iэнкун ещI, я гъуэгур здаунэтIынум егъэчэнджащэ, ар гъащIэм къазэрыщыхуэщхьэпэжыну псори щызэрагъэзахуэ щытыкIэ ирегъэувэ. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ, «ущIалэху уи дунейщ» жыхуиIэм ещхьу, цIыкIухэр мэпабгъэ щIэх адэ-анэм я абгъуэм къилъэтыкIыну, студентыгъэр зищIысыр къащIэну, цIыхущIэхэм нэIуасэ зыхуащIыну. Арыххэуи, гугъэмрэ щIалэгъуэмрэ я Iэпэгъуу ныбжьыщIэхэр гъащIэщIэм хуокIуэ. Абыхэм щIалэгъуэм хуэзышэ гъуэгум хэлъынкIэ хъуну лъэпощхьэпохэр яхуэгъэмэщIэным, щыщIэтIысхьэкIэ зыIуунэнкIэ хъуну гугъуехьхэр къызэрызэранэкIынум теухуауэ депсэлъылIэну «Адыгэ псалъэм» ди хьэщIэщым къедгъэблэгъащ а лэжьыгъэр нэхъыбэу зи пщэ къыдэхуэ, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым ЩIэтIысхьэным епха Iуэхугъуэхэр къызэгъэпэщынымкIэ и къудамэм и унафэщI, педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат Табыщ Тимур.***

**- Ди хьэщIэщым укъызэреблэгъам щхьэкIэ фIыщIэ пхудощI, Тимур.**

- Тхьэм уигъэпсэу! Сэри си гуапэщ ди лъэпкъ газетым и Iэмалхэр къэзгъэсэбэпу щIэтIысхьэным епха Iуэхугъуэхэм адыгэбзэкIэ я гугъу сщIыну, щIалэгъуалэми гу зылъатапхъэхэм сахутепсэлъыхьыну.

**- Дапщэщ щIэтIысхьэгъуэм епха лэжьыгъэм щыщIидзэр?**

- Ди IэнатIэр зэхьэлIар курыт еджапIэр къэзыуххэм зыузэщI лэжьыгъэхэр ядегъэкIуэкIынырщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, ахэр къыдэхьэхынырщ, къегъэблэгъэнырщ, еджэныр ди деж зэрыщызэтеухуам щыгъэгъуэзэнырщ. Нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ лэжьэн щыщIэддзэр шыщхьэуIу - фокIадэ мазэхэрщ, ауэ абы ипэкIэ лэжьыгъэ едмыгъэкIуэкIыу жыпIэ хъунукъым. Курыт щIэныгъэ щызрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм махуэ пыухыкIахэр тхухахри, абы дытету сабийхэм дахохьэ, мастер-классхэр, тренингхэр, упщIэ-жэуапхэр зыхэт уэршэрхэр, еджакIуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ яхуэгъэза «бжэ зэIухахэр» идогъэкIуэкI. Куэд щIакъым «ЩIэныгъэм и тхьэмахуэкIэ» дызэджэ Iуэхугъуэхэр зэрыдухрэ. Абы ди щIыналъэм щыщи, гъунэгъу хэгъэгухэм къикIаи мымащIэу кърихьэлIащ, ди университетым егъэджэныгъэр зэрыщызэтеублам зыщагъэгъуэзэнуи Iэмал хъарзынэхэр яIащ. КъищынэмыщIауэ, университетым зэхишэ зэхьэзэхуэхэм сабийхэр къыдошалIэ, зэпеуэ нэхъыбэм зэрыхэдгъэтыным иужь дитщ. Ди деж къэкIуэну хущIэкъуу Зыуэ щыт къэрал гъэунэхуныгъэхэм, ЕГЭ жыхуэтIэм, баллышхуэ къахьу щIэныгъэфI къыщызыгъэлъэгъуауэ ди деж къыщIэтIысхьэхэр КъБКъУ-м и Хабзэм тету ахъшэ тыгъэкIэ догъэпажэ. Мыри жысIэнут: къэралым и мылъкукIэ университетым щеджэну щIэтIысхьа ныбжьыщIэм зэгурыIуэныгъэкIэ (контракткIэ) етIуанэ IэщIагъэр зригъэгъуэтыну хуеймэ, абы тригъэкIуэдэнур махуэрыеджэ программэхэм тещIыхьауэ щIэныгъэ зэзыгъэгъуэтым щIитым и процент 25-рщ.

**- ЕджакIуэхэм я дэфтэрхэр университетым сыт щыгъуэ кърат щыхъунур?**

- Тхылъхэр къеIыхын мэкъуауэгъуэм и 20-м щIыдодзэ. Бюджетым ипкъ иткIэ еджэну хуейуэ къыщIэтIысхьэхэм я дэфтэрхэр бадзэуэгъуэм и 25 пщIондэ къеIытхынущ. Абыхэм ятеухуа унафэ псори шыщхьэуIум и 31-м ирихьэлIэу къыдэкIауэ, гъэунэхуныгъэхэри, щIэтIысхьэным теухуа лэжьыгъэхэри псори зэфIэкIауэ щытын хуейщ.

Сыт хуэдэ дэфтэр яIыгъын хуей жыпIэмэ, ар курыт еджапIэр къэзыухахэм - аттестатхэр, IэщIагъэ щызрагъэгъуэт еджапIэм къыщIэкIахэм - дипломхэр, абы нэмыщI я сурэтхэр, лъэIу тхылъ. ТхылъымпIэхэм копие техын хуейми, Iэрытхыу зыгуэр ягъэхьэзырынуми, нэгъуэщI псори щIэтIысхьэгъуэм пыщIа Iуэхухэр зи пщэ дэлъ IэщIагъэлI гупым я дэIэпыкъуэгъу хэлъу университетым деж щыхуагъэтэрэзынущ, ныбжьыщIэр абдеж щысу зэфIагъэхьэнущ. ЗэрыщIагъэтIысхьэ хабзэхэм ятеухуауэ адэ-анэхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ зыщIэупщIэн щыIэмэ, дэ сыт щыгъуи дыкъагъуэтыфынущ, къэпсалъэ хъунущ: 42-22-40, 42-27-79 телефонхэм.

**- ЕджапIэр къэзыуххэм нэхъыбэу къыхахыр сыт хуэдэ IэщIагъэра, Тимур?**

- Къыхэгъэщын хуейщ ди университетыр классикэ гъэпсыкIэ зиIэ еджапIэхэм зэращыщыр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, дэ экономикэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым худогъэхьэзыр. Техникэм епха инженер IэщIагъэм щегъэжьауэ егъэджакIуэ IэнатIэм пэрыувэнухэм щыщIэкIыжу ди университетым къудамэ куэд иIэщ. УзыщIэупщIам теухуауэ жыпIэмэ, илъэс тIощIым нызэрыхьэсауэ ди щIалэгъуалэм нэхъыбэу къыхахыр медицинэ, юрист, экономикэ IэщIагъэм епха унэтIыныгъэхэрщ. Апхуэдэу щыт пэтми, иужьрей илъэс зытIущым информатикэм епхахэр къыхэзыххэм я бжыгъэми хэхъуэу гу лъызотэ.

**- Ар компьютерым епха Iуэхугъуэхэра?**

- НтIэ. Компьютерым елэжьыным, абы программэхэр хуэтхыным, ар къутэмэ, зэгъэпэщыжыным щыхурагъаджэ къудамэхэр диIэщ. Университетым и къудамэхэм щIэуэ мы гъэм зы институт къахэуващ - интеллект IэрыщIымрэ бжыгъэрылъанэ технологиехэмкIэ институт. Дунейм улъыщIэмыхьэу зехъуэж, техникэми технологиеми зеужь, бжыгъэрылъанэ Iэмалхэми кIуэ пэтми къахохъуэ. Иджырей лэжьапIэхэр хуэныкъуэ хъууэ хуежьащ компьютерым хищIыкI къудейм къыщымынэу, абы щызекIуэ псори бжыгъэрылъанэ программэхэм изылъхьэф икIи щызыхъумэф IэщIагъэлIхэм. Ахэр иджыпсту щегъэжьауэ дгъэхьэзырыну дыхэтщ.

Илъэс зытIущ фIэкIа хъуркъым ди университетым архитектурэ къудамэр къызэрыхыхьэрэ. Мыбыи щIэупщIэшхуэ иIэщ, ныбжьыщIэхэм ягу ирихьу, ар куэдым къыхах хъуащ. ЩIалэгъуалэм ящыщ куэд макIуэ ухуэныгъэ Iуэхумрэ дизайнымкIэ къудамэхэм. Къыхэзгъэщыну сыхуейт адыгэхэм игъащIэ лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуэ лъэпкъ IэщIагъэхэр къегъэщтэжыным университетым и гуащIэ зэрыхилъхьэр. Дыщэмрэ дыжьынымрэ пасэм зэрелэжьу, уанэпхъафэмрэ шы Iэпслъэпсхэмрэ зэращIу, уагъэмрэ щагъэмрэ зэрыхалъхьэу щыта щIыкIэхэм я щэхухэм ухуезыгъасэ, ар нобэрей гъащIэм хозыгъэухуанэ Iэмалхэр зи лъабжьэ программэхэр мымащIэу диIэщ икIи абыхэм худогъаджэ. Гъуазджэ щIэныгъэхэмкIэ къудамэм и лэжьыгъэм а псор курыхыу хэлъщ, абы къыдэкIуэуи сурэт щIыным, скъар гъэжыным, пхъэ упсыным епха IэщIагъэхэми худогъасэ. Еджэныгъэм ехьэлIа IэщIагъэхэми щIэупщIэ яIэщ, абы хуэгъэпса лэжьыгъэ куэди къызыдогъэпэщ икIи идогъэкIуэкI. Анэдэлъхубзэхэмрэ лъэпкъ литературэхэмкIэ (адыгэбзэ, балъкъэрыбзэ) егъэджакIуэхэр, есэпымрэ физикэмкIэ, химиемрэ биологиемкIэ, хамэ къэралыбзэхэмкIэ егъэджакIуэхэр, нэгъуэщIхэри щагъэхьэзыр къудамэ зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэ диIэщ.

**- Университет щыхъукIэ, щыIэныгъэм зыдищIын хуейщи, и лэжьыгъэм зэхъуэкIыныгъэхэр химылъхьэу хъуркъым. КъБКъУ-р абы и IуэхукIэ щапхъэ дахэщ - илъэс къэс къудамэщIэхэр къызэIуех, унэтIыныгъэщIэхэр хегъэувэ. Дызытехьэ илъэсым еджэныгъэм сыт хуэдэ щIэщыгъуэ хэфлъхьэну фи гугъэ?**

- ДызыхуэкIуэ гъэ еджэгъуэщIэм къудамитI къызэIудох: зыр медицинэмрэ профилактикэ хуэIухуэщIэхэмрэ ятеухуащ, етIуанэр - клиникэ психологием епхащ. Иужьрей илъэситIым цIыхум щIэкIа узыфэм къигъэлъэгъуащ уз зэрыцIалэхэр къэзыхутэ, абы зэреIэзэн хуей щIыкIэхэр фIыуэ зыщIэ IэщIагъэлIи щIэныгъэлIи дызэрыхуэныкъуэр. Япэу зи цIэ къисIуа къудамэм абы теухуауэ щIэныгъэ-еджэныгъэр лэжьыгъэр зэтриублэнущ. Уз зэрыцIалэр зыщIэкIахэм гъэтIылъауэ яIэ узыфэхэр къызэщIегъэхъае, медицинэр «постковидный синдромкIэ» зэджэращ зи гугъу сщIыр. ИрагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, цIыхум и Iэпкълъэпкъым пкърыкIа узым и лъэужь псэлъынтхуэмрэ психикэмрэ къыхонэ. Ар емыкIэкIуэн, и узыншагъэр зэтес щIыжын папщIэ сымэджам дэлэжьэну психолог дохутырхэр етIуанэ къудамэм игъэхьэзырынущ.

**- Тимур, университетым щIэтIысхьэну хущIэкъу дэтхэнэ зыри абы пщIэ щIимыту щIэхуэну, ар и щIэныгъэ насыпкIэ зыIэригъэхьэну хуейщ. Къэрал мылъкукIэ еджапIэ нэхъыщхьэм щIэхуэну зи кIэн къимыкIхэр зэгурыIуэныгъэкIэ, пщIэ щIиту, абы щIотIысхьэ. А Iуэхухэр сытым тет?**

- Къэралым и мылъкукIэ ирагъаджэ IэщIагъэлIхэм я бжыгъэр илъэс къэси нэхъыбэ мэхъу. Дызэрыт 2022 гъэм бюджетым къыхэкIа сомкIэ еджэну Iэмал яIэщ цIыху 2500-м нэблагъэм. Нэгъабэ еплъытмэ, бжыгъэр 500-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Ауэ гу лъытапхъэщ мы бжыгъэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэтыну хуейуэ къакIуэхэм я мызакъуэу, IэщIагъэ щрат колледжу ди университетым хэтхэм кIуэхэри зэрыхиубыдэр. Колледжым щеджэныр нэхъ къэзыщтэхэри мымащIэу яхэтщ щIэблэм. Къапщтэмэ, КъБКъУ-м колледжиплI диIэщ - егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр, медицинэм щыхурагъаджэ, дизайн IэщIагъэхэр щрат, информацэ технологиехэмрэ экономикэ хуэIухуэщIэхэмрэ щыхуагъасэ. А колледжхэм щIэтIысхьэфынущ 9-нэ классым и ужькIэ еджапIэм къыщIэкIахэри, 11-нэ классыр къэзыухахэри. Къэралым и мылъкур мис мы колледжхэм хуэдэхэм нэхъыбэу зэрахуиутIыпщыр жыIэн хуейщ.

**- ЗэгурыIуэныгъэкIэ, пщIэ щIиту, щIэтIысхьэхэм я Iуэхур-щэ?**

- ЗэгурыIуэныгъэкIэ къыщIэтIысхьэхэм, «контракт» жыхуэтIэм тету еджэну къакIуэхэм зэреджэнум щIат сомыр унафэ щхьэхуэкIэ ягъэбелджылы, ар зыхуэдизынур къыхах IэщIагъэми елъытащ. Бюджетым и мылъкукIэ еджэхэм я бжыгъэм хуэдиз мэхъу зэгурыIуэныгъэкIэ щIэтIысхьэфынухэри.

**- Тимур, ди щIалэгъуалэм ящыщу балл лъагэхэр къэзыхьа куэд ди щIыналъэм йокIри, нэгъуэщI къалэхэм еджакIуэ макIуэ. Абыхэм дэт университетхэм нэхъ щIэныгъэфI къыщIахыну, Iэмал нэхъыбэ къаритыну жызыIэхэр мащIэкъым. Уэ дауэ уеплърэ а щытыкIэм?**

- Ди университетыр зыхуэзгъадэ щыIэкъым. Абы къыхэкIыу, дэ дблэплъыкIыу нэгъуэщIыпIэ кIуэныр къабыл сщIыркъым. Ауэ цIыхум къыхихынум хуитщ. НэгъуэщIыпIэ кIуэну еIэри, пцIы хэмылъу, балл лъагэ къэзыхьхэращ. Я гугъэщ хамэ щIыпIэхэм щыIэ университетхэм щIэныгъэшхуэ къаритыну, лэжьапIэ Iэмалхэри къахуэзэригъэпэщыну. ЖысIэпэнщи, сэ сыздэщымыIа университет щIагъуэ ди къэралым къинэжакъым. Зэзгъэпщэну къару сиIэщи, дэ етт щIэныгъэм уригушхуэну щытщ.

**- ЩIэтIысхьэхэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм ящыщщ «балл бжэщхьэIу» жыхуаIэр. КъыубжэкIыфыну ахэр мы гъэм зыхуэдизыр?**

- Урысыбзэмрэ литературэмрэ къыщебгъажьэмэ, ди деж къыщIэтIысхьэхэр абыхэмкIэ балл 40, есэпымкIэ, физикэмкIэ, химиемкIэ, биологиемкIэ, географиемкIэ - балл 39-рэ, информатикэмкIэ - 44-рэ, обществознаниемкIэ - 45-рэ, тхыдэмкIэ - 35-рэ, хамэ къэралыбзэмкIэ - балл 30 хуеинущ.

**- Мы балл бжыгъэхэр нэгъабэ щыIахэм къащхьэщыкIрэ - нэхъ лъагэ е нэхъ лъахъшэ хъуа?**

- Нэгъабэ ди деж укъыщIэтIысхьэн папщIэ балл нэхъыбэ ухуейуэ щытащ. Мы гъэм министерствэм игъэува гъунапкъэм дыщхьэдэхыркъым, абы тету псори дгъэуващ. Баллым и Iуэхур апхуэдэу щIэтщIар цIыху нэхъыбэм ди Iэр ялъэIэсын жытIэри аращ.

**- Ди щIэблэр ди щIыпIэм къыщренэж жыфIэу ара? Пэжыр жыпIэмэ, адэ-анэхэм мымащIэу яхэтщ зи сабийр жыжьэ зыутIыпщыну хуэмейхэр, ди щIыпIэм къыщынэжмэ нэхъ зыфIэфIхэр.**

- Аращ. ЗэрыжысIащи, хэти къыхихынумрэ ищIэнумрэ хуитщ. ЦIыхухэм я еплъыкIэр зэщхькъым, а жыхуэпIэхэм хуэдэхэр мащIэкъым, ауэ яхэтщ я быныр нэгъуэщI щIыналъэхэм кIуэрэ еджэмэ къэзыщтэ адэ-анэхэри. Сабийхэр нэхъыбэу макIуэ Ставрополь, Краснодар, Ростов, нэгъуэщI щIыпIэхэми. «Узыдэмыхьа къуэладжэ лы дэзщ», жаIэ. Ауэ гу лъыдотэ зы семестр щеджа нэужь куэдым къызэрагъэзэжым, ди деж къыщIэтIысхьэжыну къэлъаIуэу. Мис абы тепщIыхьмэ, ди университетым ублэмыплъыкIыныр нэхъ тэмэму къызолъытэ.

**- Тимур, IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я жэрдэмкIэ студентхэр IэщIагъэ хэхахэм щыхурагъаджэ щыIэщ, «целевой» жыхуаIэ щапхъэм тету. Апхуэдэ ди университетым иIэ?**

- Ди дежи щыIэщ апхуэдэ Iэмал. УФ-м апхуэдэ жэрдэмым тещIыхьа квотэхэр къытхуеутIыпщ. Ди еджапIэмрэ IуэхущIапIэмрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, ныбжьыщIэр ди деж щоджэ, иужькIэ жэрдэмщIакIуэм деж егъэзэжри, илъэсищ нэхърэ мынэхъ мащIэкIэ абы и деж щолажьэ. Аращ хабзэр. ЖэрдэмщIакIуэ IуэхущIапIэм мы Iуэхум мылъку тригъэкIуадэркъым, нэгъуэщIкIи къыхэIэбэркъым, ар езы къэралым мылъку зытригъэкIуадэ бюджет тIысыпIэу щытщи.

**- СыномыупщIын слъэкIынукъым. Нэхъапэм гъэсэныгъэм мыхьэнэ ирату щытамэ, иджыпсту щIэныгъэр ягъэнэхъапэу пIэрэ жыбоIэ. Гъэсэныгъэ пхэмылъмэ, щIэныгъэр ирикъуу къысщыхъуркъым. А тIур щызэгъусэм дежу къысщохъу цIыхум цIыху нэс щыхъур. Дауэ уеплъырэ?**

- Ди анэшхуэм зы псалъэ гъэщIэгъуэн жиIэу щытащ: «Удзу къэкIыр зыхъуэкIуа вырэ щIэныгъэу щыIэр зэрыхуа щхьэрэ щыIэкъым». Дунейм утетыху, зыгуэр зэбгъэщIэнущ, зыгуэрым ухуеджэнущ, щIэ гуэр къапщIэурэ уекIуэкIынущ. ЩIэныгъэр зыIэрыбогъэхьэ, ар уи цIыху щIыкIэм елъытащ. Гъэсэныгъэр унагъуэм къыщожьэри, ар фащэу пщыгъыу цIыхум уахохьэ, абыкIэ укъацIыху. Гъэсэныгъэ пхэмылъмэ, щIэныгъэр зыри ищIыскъым. Зыр зым игъэдахэу аращ.

Ди университетыр къыхэзыххэм ар щIэныгъэ щызэрагъэгъуэтын къудей щхьэкIэ къыхахыу жыпIэ хъунукъым. Еджэныгъэм къищынэмыщIауэ, сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи зыбужьыну, ббгъэдэлъ есэныгъэхэр ебгъэфIэкIуэну Iэмал щыIэщ ди деж: ар спортым, къафэм, уэрэд жыIэным епхами, иджырей техникэмрэ технологиемрэ пыщIами. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, цIыхум цIыху къелъыхъуэ, арыххэуи, цIыхур цIыху щIыж мэхъу. Ди университетыр лъэпкъ щэнхабзэхэр щытепщэ, пщIэ щыхуащI хэгъэгум итщ, едгъаджэхэми ятт щIэныгъэм мы хэкум щыпсэу лъэпкъхэм я хъугъуэфIыгъуэхэр зэрагъэбэгъуэн, зэрахъумэн гупсыси яIэу къыщIэдгъэкIыну дыхущIокъу.

Сыхуейт «Адыгэ псалъэ» газетым къызит Iэмалыр къэзгъэсэбэпу, къапэщылъ гъэунэхуныгъэхэм ныбжьыщIэхэр Iэнкун имыщIу, гупсэхуу еувэлIэну, я мурадхэр къайхъулIэну дызэригуапэр жысIэну. ЗыщывмыгъэгъупщэI: къыхэфх гъуэгум зыкъомкIэ фи къэкIуэнур елъытащ, арыххэуи, ди деж фыкъакIуэ, фызыхущIемыгъуэжын IэщIагъэ къыхэфхынымкIэ чэнджэщэгъу дыфхуэхъуну дэ сыт щыгъуи дыхьэзырщ.

**- Тимур, ди хьэщIэщым укъызэреблэгъам, псалъэмакъ купщIафIэ дызэребгъэдэIуам папщIэ фIыщIэ пхузощI, Тхьэр арэзы къыпхухъу!**

- Фэри Тхьэм фигъэпсэу, «Адыгэ псалъэ» газетри лъэпкъым иджыри илъэс куэдкIэ хуэщхьэпэну си гуапэщ!

*Епсэлъар*
**ШУРДЫМ Динэщ.**




## Зы сыхьэтым къалъхум и бжыгъэр

ЦIыхухэм я бжыгъэм псынщIэ дыдэу хохъуэ. Зы сыхьэтым къриубыдэу дунейм къытохьэ цIыху 5400-рэ.

* * *

КъызэрабжамкIэ, илъэсипщI къэс тхылъхэм я бжыгъэм хуэдитIкIэ хохъуэ.

Ди къэралым и закъуэу тхылъ томм зы мелардрэ ныкъуэрэ щахъумэ. Ахэр псори щIэхуэн папщIэ, библиотекэ мин 400-м щIигъу ящIащ...

* * *

Иужьрей илъэси 100-м къриубыдэу дуней псом щIыдагъэу къыщыщIахуащ тонн мелард 13.

**ШЫПШ Даянэ.**

## И хьэлым текIуэдэжа

Инджылыз пащтыхь гуащэ Аннэ (1665 - 1714) хуабжьу ныбжьэгъу пэж хуэхъуат и фрейлинэ Дженнингс Сарэ. Ахэр зэрыцIыкIурэ зэныбжьэгъуу къызэдэхъуат. Аннэ и блыгущIэт пщащэм хуидэрт миссис МорликIэ къеджэу.

Сарэ пащтыхь гуащэм зэриныбжьэгъур къигъэсэбэпри, абы и щхьэгъусэ герцог Мальборэ политикэ къулыкъуфIхэр зыIэригъэхьащ.

Ауэ зэман дэкIри, Сарэ и Iуэхухэр зэIыхьащ. Пащтыхь гуащэм игу иримыхь хьэл гуэрхэр къыщызыкъуихым, а тIур зэфIэнащ. ИкIэм-икIэжым, Аннэ блыгущIэт пщащэ ищIар хьэл нэхъ зэпIэзэрыт, нэхъ щэху зиIэ Маршэм Абигайлщ. Езы Сарэ пащтыхьыгъуэм къыдахужри, къэралри ирагъэбгынауэ щытащ.



# Къэб хьэлыуэ

Къэбри абы и жылэри цIыхум и дежкIэ сэбэпышхуэщ. Къэб жылэм хэлъщ белок, каротин, аскорбиновэ кислота, микроэлементу магний, гъущI, калий, кальций, фосфор нэгъуэщIхэри. Езы къэбым хэлъщ витамину С, В1, В2, РР, А. Абы къыхащIыкI шхыныгъуэхэр сэбэпщ зи кIэтIий, жьэжьей, тхьэмщIыгъу узхэмкIэ.

Къэбыр ятхьэщI, гъущэу ялъэщIыж, IупщIэурэ яупщIатэ, и жылэхэри и лъэхъыцхэри и кум кърах, и фэр пIащIэ цIыкIуу трагъэж, езыр цIыкIу-цIыкIуу зэпаупщIри, лыхьэжым щIагъэкI. Шыуаным тхъу иракIэри, и пщтырагъыр градус 35-рэ хъуху къагъэплъ, абы къэб хьэжар халъхьэри, бэлагъкIэ зэIащIэурэ дакъикъи 5 - 6-кIэ ягъажьэ. ИтIанэ, абы хакIэ фошыгъупс, зэIащIэурэ дакъикъэ 20 - 25-кIэ ягъавэ. Абы гуэдз хьэжыгъэ гъэжьа хакIутэри, бэлагъкIэ зэпымыууэ япщурэ Iув хъуху ягъажьэ. Хьэзыр хъуа хьэлыуэр шыуаным къырахри, тхъу зыщыхуа Iэнэм тралъхьэ, я Iэм дагъэ щахуэри, ар фIыуэ яубэ. Ямыубэу дэ хуэдиз IэшкIэ цIыкIухэри ящI. Ахэр тIэкIу дияуэ вазэм иралъхьэ, яубар мыупщIыIущэ щIыкIэ IупщIэурэ сэкIэ зэпагъэж. Къэб хьэлыуэ хуабэм шэ докIу. Мыр нэхъ щащIу щытар щIымахуэмрэ гъатхэмрэщ. Къэуатщ, гъэткIугъуафIэщ.

***Гуэдз хьэжыгъэр зэрагъажьэр:*** гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщIар тебэ гъущэм иракIутэри, мафIэ щабэм тету чымчыркIэ зэIащIэурэ, тхъуэплъ дахэ, мэ гуакIуэ къыхихыу хъуху ягъажьэ.

***Фошыгъупсыр зэращIыр:*** псывэ къэкъуалъэм фошыгъур хакIутэри, зэIащIэурэ ткIуху къагъавэ, бинткIэ языж.

*Халъхьэхэр:*

тхъууэ - г 100,

къэб хьэжауэ - г 300,

псыуэ - г 240-рэ,

фошыгъуу - г 240-рэ,

гуэдз хьэжыгъэ гъэжьауэ - г 160-рэ.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

# ШыIэныгъэмрэ къарумрэ

♦ЦIыхум куэдрэ ущымытхъу, абы Iуэху мыщхьэпэ кърикIуэнкIэ хъунущ.

♦Гугъэр бгъэфIэн, пхъумэн хуейщ. Ар гум и щIэгъэкъуэн къызэрымыкIуэщ.

♦Лъагъуныгъэм и щэху псори зыщIэр зыгуэр фIыуэ зылъагъурщ.

♦Хэхъуэм и Iэмал нэхъ тыншыр пщIэншэу умыгъэкIуэдынырщ.

♦Зэдауэм и хеящIэ нэхъыщхьэр зэманырщ.

♦УкIытэр цIыхум напэ зэриIэм щыхьэт техъуэ Iуэхущ.

♦ШыIэныгъэр къарум нэхърэ нэхъ лъапIэщ.

♦Къаруракъым пэжымрэ захуэмрэ зыхэлъыр, атIэ пэжымрэ захуэмрэщ къару хъужыр.

♦ШыIэныгъэм губзыгъагъэмрэ хахуагъэмрэ я гъуэгур къыпхузэIуех.

♦ЗыхыумыщIыкI Iуэхум упэрымыхьэ.

♦Щыуагъэр акъылым и япэ дерсщ.

♦Щэнхабзэр жылагъуэм и зыужьыныгъэр цIыхухэм я фIэщ зыщI Iуэхущ.

♦Делэм зэрызыщыпхъумэнур шыIэныгъэщ.

♦ФэрыщIагъэм гуапагъэ къудей мыхъумэ, зы сэбэпынагъ къыпэкIуэркъым.

♦Ди щхьэ дзыхь зэрыхуэтщIыжыр нэхъ мащIэху, нэгъуэщIым жиIэр нэхъыбэу ди фIэщ мэхъу.

♦Уи IэщIагъэм хуиIэ лъагъуныгъэм узыхуишэр Iэзагъырщ.

♦Гуапагъэм нэхърэ нэхъ къару лъэщ щыIэкъым.

♦Iэзагъыр, лэжьыгъэр, лъагъуныгъэр зэхыхьа нэужь зэчий къагъэщI.

♦ЩIэныгъэ зыбгъэдэлъыр ищIэр мащIэу къыщыхъужу сытым дежи еджэрщ.

♦Зыгуэрым пэжу гу лъитащ: псори куэдрэ псэуну хуейщ, ауэ жьы хъуну зыри хуейкъым.

♦ЦIыхум и хьэлыр аращ, арэзы къыдэхъуращ гулъытэ нэхъыбэ зыхуищIыр.

ХЪУРЕЙ Феликс.



## Iуащхьэмахуэ и адэ

Шэджэмыпсымрэ Кестантэрэ щызэхэж щIыпIэм дежщ Шэджэмыщхьэ вулканыр здыхуэзэр. КъызэрыщIэкIамкIи, ар дуней псом щыцIэрыIуэ ди Iуащхьэмахуэ нэхърэ куэдкIэ нэхъыжьщ, Кавказым и налкъутыр къызытекIари аращ!

А вулканыр куэдым яцIыхуркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Iуащхьэмахуэ нэхърэ куэдкIэ нэхъ лъахъшэщ икIи мэщэщэж. Ауэ ар апхуэдэу сытым дежи щытакъым. ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, Шэджэмыщхьэ вулканыр 8 нэхърэ мынэхъ мащIэу къикIащ икIи и еянэ къибыргъукIыгъуэр илъэс щитхукIэ узэIэбэкIыжмэ, псэуа цIыхухэм ягъэунэхуащ! Географ цIэрыIуэ Страбон и тхыгъэхэм (ди эрэм и пэщIэдзэм Кавказ Ищхъэрэм и географием нэхъ щыгъуазэу щыта, абы теухуауэ тхыгъэ куэд къызэзынэкIа алыдж географщ) дызытепсэлъыхь вулканыр белджылыуэ къахощыж. А вулканыр егъэлеяуэ абрагъуэу щытащ, и зы къикIыгъуэ къэс и лъабжьэр ехымехыурэ, Iуащхьэмахуэ нэхърэ куэдкIэ нэхъ цIыкIу хъужащ.

Хэт ищIэнт зы зэман Шэджэмыщхьэ вулканым и зы къикIыгъуэм и Iэужьу къэунэхуа Iуащхьэмахуэ къэзыгъэщIам нэхъ лъагэ хъуну?!

Вулканым и хъуреягъыр бгыщ, дэнэкIэ уплъэми. А лъагапIэм щыIа цIыху закъуэтIакъуэхэм зэрыжаIэмкIэ, зы макъи щызэхэпхыркъым, зы псэущхьи бзуи щыплъагъуркъым, къапщтэмэ, хьэуари и пIэм ижыхьауэ къыпщохъу, апхуэдизкIэ даущыншэщи. Зыгуэр къыпкIэлъыплъ хуэдэ, уи щхьэщыгум ныбжь гуэрхэр къиувэу къыпщохъу. Нэхъ гъэщIэгъуэнращи, хьэршым къикIыу, зищIысыр къамыхута гуэрхэр мы щIыпIэхэм къыщхьэщыхьэу, тэлайкIэ заIэжьа нэужь бзэхыжу жаIэ.

**ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.**

## И лъэIур хуащIащ

«Алиса в стране чудес» таурыхъ цIэрыIуэр зэхэзылъхьар Оксворд университетым математикэмкIэ щезыгъэджа Кэррол Льюисщ. Ар и лэжьыгъэм къыщыдэхуэхэм деж итхауэ щытащ щIэныгъэлIым.

Инджылызым и пащтыхь гуащэ Викторие а таурыхъым къеджа нэужь, хуабжьу игу ирихьащ икIи Кэррол и Iэдакъэ къыщIэкIа адрей тхылъхэр икIэщIыпIэкIэ къыхуахьыну унафэ ищIащ.

Пащтыхь гуащэм и лъэIур псынщIэ дыдэу хуагъэзэщIащ. Абы хуабжьу игъэщIэгъуащ Кэррол и адрей тхылъ псори математикэм теухуауэ къызэрыщIэкIар.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **2**. ЦIыху жумарт, гупцIанэ. **6**. ЦIыху хахуэ е лIы пхъашэ. **7**. Зиусхьэн лъэпкъ. **8**. Адыгэ театрым и джэгуакIуэ Iэзэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ. **10**. Зи суд ящIэм къыщхьэщыж цIыху. **13**. Хамэ унагъуэм щапIу щыта щIалэ цIыкIум зэреджэ. **14**. Выр гум зэрыщIащIэ пхъэ. **15**. Унэ яухуам и бжэ-щхьэгъубжэр зэрагъэдахэ ткIуаткIуэ. **16**. Теплъэншэ, фэншэ. **18**. Щхьэусыгъуэ гуэркIэ жылэр зыбгынауэ мэзым, къуршым зыщызыгъэпщкIу. **22**. « ... Мурат» - ПащIэ Бэчмырзэ и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэд цIэрыIуэ. **23**. ТхъуцIынэ щIахуа иужь къанэ псыр. **24**. Зи гъэгъар щхъуэ-хужьыфэ, гъэмахуэпэм къэгъагъэ удз: хущхъуэгъуэу къагъэсэбэп, Iэщми фIыуэ яшх.

***Къехыу:*** **1**. Псыхьэ щыкIуэкIэ пэгунитIыр абы фIадзэ. **2**. Дин IуэхукIэ Саудей Хьэрып къэралым щыIа цIыху. **3**. Улажьэмэ, ... пшхынщ, умылажьэмэ, лажьэ бгъуэтынщ. **4**. Тутын щащэр иракIутэурэ абыкIэ йофэ. **5**. Удын зэхэдзэ нэхърэ - ... зэхэдзэ. **9**. «ЩIыхь» орденым и нагъыщищри зыхуагъэфэща зауэлI Мусэ ... **11**. Iуащхьэмахуэ щыгу япэ дыдэу къэзыгъэIурыщIа Хьэшыр ... **12**. Хьэкум къинэ пхъэ сахуэ. **16**. Шым и фэ, и теплъэ. **17**. ЩIалэ цIыкIум и ... къикIри, анэм дэIэпыкъуащ. **19**. ПщIий къызыпыкIэ жыг. **20**. Щыгъын. **21**. Жьым щытхъуи, ... къащтэ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**




**Гъатхэпэм и 26-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. ПэщIэIуантIэ. **5**. Псапэ. **6**. Дурэш. **9**. Жэмыжьыгу. **11**. Гъунэ. **12**. Щхьэ. **13**. Псынабэ. **14**. Лъэуей. **16**. Киров. **19**. Тхъуэбзащхъуэ.

***Къехыу:*** **2**. ЩIэп. **3**. Iуэ. **4**. Нау. **5**. ПцIэгъуэплъ. **7**. ШыгъэцIыв. **8**. ЩIыунэ. **9**. Жэп. **10**. Гущэ. **15**. Ефэ. **17**. Изщ. **18**. Уз.


Іуащхьэмахуэ


Мейкъуапэ


Кисловодск

# МафIэгу-хьэщIэщыр Налшыки къыдохьэ

**«Урысейм и гъущI гъуэгухэм» и гъусэу уи нэгу зегъэужь» проектым нэгъабэ лъандэрэ цIыхубэр дихьэхауэ, щIэупщIэр нэхъыбэ хъу зэпытщ. Абы къыхэкIыу 2022 гъэм зрагъэубгъури, «Жемчужина Кавказа» мафIэгу-хьэщIэщым и гъуэгум хагъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ. Шэрхъ зыщIэт хьэщIэщыр махуиблкIэ нэгузегъэужьыпIэ къызэрымыкIуэу къыфхущIэкIынущ. Абы мэлыжьыхьым и 30-м лэжьэн щIидзэнурэ фокIадэм и 24 пщIондэ тхьэмахуэ къэс гъуэгу техьэнущ.**

МОСКВА къыщежьэу мафIэгур Мейкъуапэ, Налшык, Грознэ, Мэхъэчкъалэ, Дербент, Кисловодск къалэхэм дыхьэнурэ къалащхьэм игъэззэжынущ. А щIыпIэхэр зэпызыщIэ гъуэгум жэщым тетынущ, махуэм къедбжэкIа къалэхэм къыщыувыIэнущ.

Зыгъэпсэхуакlуэхэр пщэдджыжьым мафIэгум къикIыурэ хэгъэгухэм я щIыпIэ нэхъ дахэхэм жэщ хъуху зыщрагъэплъыхьынущ.

Апхуэдэ зекIуэ телъыджэм хэтыну гукъыдэж зыщIахэр Москва махуэм сыхьэт 11-м къыщитIысхьэнурэ етIуанэ пщэдджыжьым Мейкъуапэ къэсынущ. МафIэгум исхэм пщэдджыжьышхэ ирагъэщIынущ. ИтIанэ автобускIэ бысым республикэм и щIыпIэ дахэхэм яшэнущ. Адыгей программэм хагъэхьащ щIыналъэм и тхыдэм, хабзэм, лъэпкъ шхыныгъуэхэм щыгъуазэ ухуэзыщI Iуэхугъуэхэр. ХьэщIэхэр яшэнущ аммонитхэм я музейм, ирагъэлъагъунущ Лагъуэрэ-Накъэрэ бгыщхьэ тафэр, адыгэ пщэфIапIэм щагъэшхэнущ.

ЗекIуэ къежьахэр пщыхьэщхьэхуэкIуэм мафIэгу-хьэщIэщым итIысхьэжынурэ гъуэгу теувэжынущ. КъыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым ахэр къытехьэнущ Налшык гъущI гъуэгум. Къэбэрдей-Балъкъэрым абыхэм щалъагъунущ Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ бгыр - Іуащхьэмахуэ. Зыплъыхьакlуэхэр Азау станцым яшэнурэ, Гара-Баши нэс кIапсэ гъуэгукIэ дэкIуеинущ, лъэпкъ шхыныгъуэхэр зыIуагъэхуэнущ, Нарзан аузым яшэнущ.

СыткIи зыхуей хуэгъэза мафIэгум жэщым зыщагъэпсэхунурэ, пщэдджыжьым Грознэм къыщикIынущ. «Грозный-Сити» унэ зыхэтым зыщаплъыхьынущ, «Шэшэным игу» мэжджытыр, къалэм и нэгъуэщI щIыпIэ дахэхэр зрагъэлъагъунущ, шэджагъуэ нэужьым бгылъэ нэгузегъэужьыпIэхэм яшэнущ. Пщыхьэщхьэм Грознэм дэт рестораным щышхэнурэ, адэкIэ гъуэгу техьэжынущ.

Зыгъэпсэхуакlуэ ежьахэр етхуанэ махуэм щепсыхынущ Дагъыстэным. ЩIыпIэ хэхахэмкIэ къулей хэгъэгум программитI иIэщ, еблэгъахэм зыхуейр къыхахыу. Зым хохьэ Чиркей псы хъумапIэм и зыплъыхьыпIэ утыкур, Сулак псы къуэкIийр, бдзэжьейкъуэлэн щагъэхъу IуэхущIапIэр, нэгъуэщIхэри. ЕтIуанэм къызэщIеубыдэ Дербент, Нарын-Кала хуэдэ щIыпIэ цIэрыIуэхэр.

Еханэ махуэм Минеральные Воды нэсынурэ, Псыхуабэ дэтынущ, Лермонтовым и фэеплъ здэщыIэ щIыпIэхэм зыщаплъыхьынущ, шхапIэм шэджагъуашхэ щащIа нэужь, Кисловодск яшэнущ. Абыи щызэбгъэлъагъунур гъунэжщ - Шаляпин и дачэр, Солженицыным и фэеплъыр, макъамэ зыщIагъэува псыутхыр (псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Къанокъуэ Арсен иригъэщIар), къалэм и уэрам нэхъ гъэщIэрэщIар, нэгъуэщIхэри.


Дербент


Грознэ

Минеральные Воды и къалэ дахэхэм иужькIэ, мафIэгум исхэм Москва ягъэззэжынущ.

МахуэщIэ къэс къалэщIэ укъыщикIыу укъезышэкI мафIэгу-хьэщIэщым тыншу упсэун папщIэ узыхуей псори хэтщ. Вагонхэр я фIагъ елъытауэ зэщхьэщокIри, узыхуейр къыхыбох, уеблэмэ уи закъуэу узыщIэлъ пэш иIэщ, езым и зыгъэпскIыпIи хэтыжу. Абы къищынэмыщIауэ, мафIэгум хэтщ вагон-ресторан, вагон-бар, вагон-зыгъэпскIыпIэ.

Узыхуей тIысыпIэм елъытауэ уасэхэри зэщхьэщокI. Билетым хохьэ гъущI гъуэгупщIэр, экскурсие узышэ транспортым и уасэр, зыплъыхьыпIэхэм щIат пщIэр, мафIэгум щыпщI пщэдджыжьышхэмрэ къалэм шэджагъуэм узэрыщышхэмрэ ятехуэ уасэр.

Урысейм и Ипщэ, Ищхъэрэ щIыналъэхэм я дахагъымрэ щыпсэу лъэпкъхэм я хьэщIэ егъэблэгъэкIэм и беягъымрэ кърипщIэну, уи хэку уи нэгу зыщебгъэужьыну Iэмал гъуэзэджэщ «Урысейм и гъущI гъуэгухэм» къызэригъэпэща зекIуэ телъыджэр. Гуапэ лейщ абы Къэбэрдей-Балъкъэрри зэрыхэтыр.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# «Дыгъэшырхэм» я юбилей



**Нарткъалэ ЩэнхабзэмкIэ и унэм щекIуэкIащ къалэм гъуазджэхэмкIэ и «Лэгъупыкъу» сабий школым лъэпкъ къафэхэмкIэ и «Дыгъэшыр» ансамблыр илъэсипщI зэрырикъуам траухуа пшыхь гукъинэжыр.**

АБЫ ирагъэблэгъащ Аруан районымрэ Нарткъалэрэ я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и лIыкIуэхэр, УФ-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэхэм ящыщхэр, творческэ гупхэм я художественнэ унафэщIхэр. Нэхъ пыухыкIауэ къитIуэнщ Бейтыгъуэн Iэуес, Атэбий Игорь, Дау Марьянэ, Къэнэмэт Замир сымэ я цIэхэр.

Иужьрей илъэсипщIым «Дыгъэшыр» сабий ансамблым зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэфIхэр щынэрылъагъут гупым и къэфакIуэхэм ята концерт щIэщыгъуэм. Абыхэм пшыхьым щагъэлъэгъуащ лъэпкъ къафэ лIэужьыгъуэу 20-м щIигъу.

- «Дыгъэшыр» ансамблыр къызэзыгъэпэща икIи илъэсипщI хъуауэ абы и художественнэ унафэщI ХьэхъупащIэ Зауррэ и гъэсэнхэмрэ я зэфIэкIхэм дрогушхуэ, - жиIащ «Лэгъупыкъу» школым и унафэщI Къардэн Равидэ. - Ди сабийхэм я ехъулIэныгъэхэм кIуэ пэтми зэрыхагъахъуэр, я Iэзагъэм зэрызрагъэужьыр гуапэщ. Аращ ахэр куэдрэ республикэпсо, урысейпсо зэпеуэхэмрэ фестивалхэмрэ къыщIыхэжаныкIри. Заур и гъэсэнхэм я гъусэу гум дыхьэ къафэу игъэувар кIэншэщ! Дапщэщи цIыкIухэм я зэфIэкIыр догъэщIагъуэ икIи ди фIэщ мэхъу къафэ гъуазджэр къэкIуэну щIэблэм я деж нэзыхьэсынухэм ахэр зэращыщыр.

Аруан районым и уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ ныбжьыщIэхэми я ныбжьэгъухэм я гуфIэгъуэр даIэтащ. Бысым цIыкIухэр хьэщIэхэм егуэпащ удз гъэгъахэмкIэ, саугъэтхэмкIэ, щIыхь тхылъхэмкIэ.

*Тхыгъэри сурэтри*
**ТЕКIУЖЬ Заретэ** *ейщ.*

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ,
Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5,
ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.
ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 2.027
Заказ №644